



**GLENDALÉ
ELEMENTARY
SCHOOL DISTRICT**

**Igitabo c-Abavyeyi n-Abanyeshuri
2026-2027**

Bavandimwe Miryango ya GESD,
Murakaza neza mu mwaka w'amashuri wa 2026-2027. Nishimiye kwakira mwebwe n'umuryango wanyu mugaruka mu Karere k'Ishuri Ribanza rya Glendale. Murakoze kuduha inshingano zo kwigisha umwana wanyu. Ni inshingano twishimiye cyane kandi dufite intego.

Uyu mwaka, turimo kwakira Intego yo Kubaho, kwiyeze gukorana mu buryo bwuzuye, kubaka umubano ufite akamaro, no gutuma buri gikorwa cyo kuganira kiba ingenzi.

Intego yo Kubaho igaragarira mu buryo dushyigikira abanyeshuri bacu, gukorana, gukorana n'imiryango, no gukomeza imibanire mu muryango wacu wose. Ni ukugaragaza buri muni dufite intego, impuhwe, n'umuhate dusangiye wo gutsinda abanyeshuri.

Kuba umwe mu bagize umuryango wa GESD bivuze kwakira ubudasa, ubwisanzure, ubufatanye, no kunoza iterambere. Dufite intego kandi twibanda ku munyeshuri mu byo dukora byose. Binyuze mu Ntego yo Kubaho, dushyiraho ahantu abanyeshuri bumva bafite agaciro, bashyigikiwe, kandi bafite imbaraga zo kwiga, gukura, no kugera ku bushobozi bwabo bwose.

Abakozi bacu bitanze biyemeje gutanga ubunararibonye bushishikaje mu myigire, guteza imbere "ubuhanga mu by'amasomo, no gushyigikira imibereho myiza y'imibanire n'amarangamutima ya buri munyeshuri. Tuzi ko iyo abanyeshuri bumva babonwa, bumviswe, kandi bafatanye isano, baba bafite icyizere, barushaho kwihangana, kandi biteguye gutsinda.

Imiryango n'abaturage ni abafatanyabikorwa b'ingenzi muri uyu murimo. Uruhare rwanyu, kubatera inkunga, no kubashyigikira bifasha mu guhanga umuco aho abanyeshuri batera imbere. Dufatanyije, dukomeza isano iri hagati y'amashuri yacu, ingo zacu, n'umuryango, twubaka akarere kiyemeje byuzuye - byose bibereye abana bose.

Murakoze kuba mwahisemo kuba mu muryango wacu utangaje wa GESD. Inkunga yanyu ni ingenzi, kandi ndizera by'ukuri ko binyuze mu kuba hamwe kwacu gufite intego, tuzakomeza gutegura buri munyeshuri kugira ngo atsinde mu gihe dutanga imbere umuryango aho buri wese akwiye kandi buri mwana afite akamaro. Ntegereje gutangira uyu mwaka mushya w'ishuri hamwe, duhuje intego kandi twiteguye kugira ingaruka zikomeye kurushaho.

Dushimiye kandi twishimiye umwaka uri imbere,

Cindy Segotta-Jones
Umuyobozi w'Ishuri Ribanza rya Glendale

Glendale Elementary School District

2026-2027 SCHOOL YEAR AT-A-GLANCE



GLENDALE
ELEMENTARY
SCHOOL DISTRICT

JULY 2026

Su	Mo	Tu	We	Th	Fr	Sa
			1	2	3	4
5	6	7	8	9	10	11
12	13	14	15	16	17	18
19	20	21	22	23	24	25
26	27	28	29	30	31	

AUGUST 2026

Su	Mo	Tu	We	Th	Fr	Sa
						1
2	3	4	5	6	7	8
9	10	11	12	13	14	15
16	17	18	19	20	21	22
23	24	25	26	27	28	29
30	31					

SEPTEMBER 2026

Su	Mo	Tu	We	Th	Fr	Sa
		1	2	3	4	5
6	7	8	9	10	11	12
13	14	15	16	17	18	19
20	21	22	23	24	25	26
27	28	29	30			

OCTOBER 2026

Su	Mo	Tu	We	Th	Fr	Sa
				1	2	3
4	5	6	7	8	9	10
11	12	13	14	15	16	17
18	19	20	21	22	23	24
25	26	27	28	29	30	31

NOVEMBER 2026

Su	Mo	Tu	We	Th	Fr	Sa
1	2	3	4	5	6	7
8	9	10	11	12	13	14
15	16	17	18	19	20	21
22	23	24	25	26	27	28
29	30					

DECEMBER 2026

Su	Mo	Tu	We	Th	Fr	Sa
		1	2	3	4	5
6	7	8	9	10	11	12
13	14	15	16	17	18	19
20	21	22	23	24	25	26
27	28	29	30	31		

JANUARY 2027

Su	Mo	Tu	We	Th	Fr	Sa
					1	2
3	4	5	6	7	8	9
10	11	12	13	14	15	16
17	18	19	20	21	22	23
24	25	26	27	28	29	30
31						

FEBRUARY 2027

Su	Mo	Tu	We	Th	Fr	Sa
		1	2	3	4	5
6	7	8	9	10	11	12
13	14	15	16	17	18	19
20	21	22	23	24	25	26
27	28					

MARCH 2027

Su	Mo	Tu	We	Th	Fr	Sa
		1	2	3	4	5
6	7	8	9	10	11	12
13	14	15	16	17	18	19
20	21	22	23	24	25	26
27	28	29	30	31		

APRIL 2027

Su	Mo	Tu	We	Th	Fr	Sa
				1	2	3
4	5	6	7	8	9	10
11	12	13	14	15	16	17
18	19	20	21	22	23	24
25	26	27	28	29	30	

MAY 2027

Su	Mo	Tu	We	Th	Fr	Sa
						1
2	3	4	5	6	7	8
9	10	11	12	13	14	15
16	17	18	19	20	21	22
23	24	25	26	27	28	29
30	31					

JUNE 2027

Su	Mo	Tu	We	Th	Fr	Sa
		1	2	3	4	5
6	7	8	9	10	11	12
13	14	15	16	17	18	19
20	21	22	23	24	25	26
27	28	29	30			

- First Day of School
- Professional Growth Day - No School for Students
- Holiday/Breaks - No School
- Early Release Day
- Staff Preparation Days
- Last Day of School
- Parent Teacher Conferences

Instructional Grading Periods

- Quarter 1: Aug. 10 - Oct. 9
- Quarter 2: Oct. 19 - Dec. 18
- Quarter 3: Jan. 5 - March 12
- Quarter 4: March 22 - May 27

Instructional Days

- Quarter 1: 43 days
- Quarter 2: 41 days
- Quarter 3: 47 days
- Quarter 4: 49 days
- TOTAL: 180 days

July

- July 3: Independence Day (observed)
- July 4: Independence Day
- July 27-31: New Teachers Report

August

- Aug. 3-7: Staff Preparation Days
- Aug. 6: Meet the Teacher Night
- Aug. 10: First Day of School

September

- Sept. 4: Professional Growth Day - No School for Students
- Sept. 7: Labor Day

October

- Oct. 7-9: Parent/Teacher Conferences + Early Release Days
- Oct. 12-16: Fall Break

November

- Nov. 11: Veterans Day
- Nov. 25-27: Thanksgiving Break

December

- Dec. 18: Early Release
- Dec. 21-Jan. 1: Winter Break

January

- Jan. 4: Professional Growth Day
- Jan. 5: Students Return to School
- Jan. 18: Martin Luther King, Jr. Day

February

- February 15: Presidents' Day/Holiday

March

- March 10-12: Parent/Teacher Conferences + Early Release Days
- March 15-19: Spring Break

April

- April 16: Testing Break/Early Release

May

- May 27: Last Day of School/Early Release
- May 28: Teacher's Last Day
- May 31: Memorial Day

June

- June 30: Fiscal Year Ends

Adopted by the GESD Governing Board on September 26, 2024

IBIRI MURI KINO GITABO

Igitabu c-Umuvyeyi n-Umunyeshure	1	Inma z-Abavyeyi n-Abigisha	11
Imikino yo Kunonora Imitsi		Amashirahamwe y-Abavyeyi n-Abigisha	11
Intumbero y-Iyo Mikino	1	Kugenzura ingene umwana aca ubwenge	12
Ibisabwa Kugira ube muri iyo Mikino	1	Inyigisho z-Abana Zidasanzwe	
Ibijanye no Gutonda Ishure		Insiguro y-izo Nyigisho	12
Intumbero y-Ugutonda Ku Ishure	1	Abana bagendana Ubumuga	12
Ibisibo	1	Ingene Reta Ifasha Abana Bafise Ubumuga	12
Amategeko Agenga Gusiba Ishure	1	Ivyo baraba mu kwigisha Abana Bamugaye	12
Programa C.U.T.S. Ni iki	1	Kwigisha Agandana Ubumuga ku buntu	13
Kuva Ku Ishure kare	2	Amashure y-Abana barusha Abandi Ubwenge	13
Kugira uruhara mu bindi Bikorwa ku Ishure	2	Kutavangura abana kuja gutembera bari kwiga	13
Kuriha Amasaha Watakaje	2	Programa z-Igitamwaka	14
Umutekano w-Abanyeshure Mu Mashure	2	Ingeso z-Abanyeshure	
Insiguro y-Umutekano w-Ikigo n-Abanyeshure	2	Insiguro y-izo nyifato	14
Inyifato mu gihe c-ingorane n-Ivyaduka	2	Ibitegekanijwe mu kwigisha abana bagoye	14
Inyifato mu Kigo c-Ishure	2	Gukandamiza abandi banyeshure	14
Gufata amajwi n-amafoto muri Bisi z-Ishure	3	Ico dukora mu gihe umwana agoye	16
Kurega Ihohoterwa ry-Umwana	3	Ivyuma mbikabumenyi	16
Gusaka no Gufata Ibikoresho ku bw-Umutekano	3	Ivyokorwa iyo Umunyeshure yarenganijwe	17
Ingene Ibiro Nkingirabana Bikora Itohoza	3	Ibihano bihabwa Umwana Yitwaye nabi	18
Ingene Abajejwe Umutekano Bakora Itohoza	3	Guhagarika - Kwirukana Ugendana Ubumuga	18
Ingene Abayobozi b-Ishure Bakora Itohoza	3	Ububabana n-Ibihano Bitegekanijwe ku Banyeshure	18
Ivyigwa	4	Inyambaro mu Mashure	22
Intumbero y-Amashure n-Itunganywa ry-Ivyigwa	4	Insiguro y-Inyambaro mu mashure	22
Ivyigwa Abana Bakorera mu Rugo	4	Ibindi vyambarwa	22
Agashimwe Ku Bana b-Abahanga	4	Impuzu zo Hasi	22
Intumbero y-Ivyigwa Mu Karere ka Glendale	4	Impuzu zo Hejuru	22
Amategeko yo Kunguruzwa	4	Ibirato	22
Amakarata Yerekaka Amanota	5	Kwandikisha Umunyeshure	
Ibifungurwa n-Ingaburo	5	Insiguro yo Kwandikisha Umunyeshure	23
Insiguro y-Ibijanye n-Ibifungurwa	5	Intambwe zo Kwandikwa	23
Ibifungurwa n-Ingaburo	5	Ivyangombwa Bikenewe Ku Ishure	23
Gutegura Imfungurwa n-Urutonde Rwazo	5	Umuvyeyi Yahawe Uburenaganzira ku mwana	23
Ibifungurwa n-Amagara Meza	6	Amategeko y-Inkingo	23
Ikiguzi c-Ibifungurwa canke ku Buntu	6	Kwiyandikisha Mw-Ishure ry-aho Udatuye	24
Ibifungurwa Bidasanzwe	6	Gufutisha Umunyeshure	24
Programa yo Kugaburira Abana Mu Kiruhuko	6	Amagara y-Abanyeshure	
Ibimenyeshejwe muri Rusangi	7	Insiguro y-Amagara y-Abanyeshure	24
Insiguro y-Ibimenyeshejwe	7	Amategeko agenga amagara y-Abanyeshure	24
Uburenganzira bw-Umuvyeyi/Umurezi	7	Ingwara Zidakira	24
Imisi Abana Bataha Kare	7	Ingwara Zandukira	25
Ibikorwa Ngororera-mashure	7	Umwana Yagwaye Yoguma Mu rugo	25
Asiranse Nkingiramagara	7	Inkingo ni Itegeko	25
Kutavangura	7	Umwana Agomba gufatira imiti ku Ishure	26
Umutungo w-Ishure n-uw-Abanyeshure	7	Inda zo mu mushatsi	26
Gusaba ivyangombwa vy-Umunyeshure	7	Umuforoma w-Ishure	26
Kunywa Itabi Birabujijwe n-Amategeko	8	Imiti Abana bashobora guhabwa Ku Ishure	27
Gusura Ikigo c-Ishure	8	Imiduga Yunguruza Abanyeshure	
Ibindi Bikorwa na Programa zo mu Mashure		Insiguro ku miduga itwara abanyeshure	27
Ibindi Bikorwa n-Izindi programa mu Karere	8	Amategeko Agenga Gutwara abana muci Bisi	27
Programa y-Icongerezwa kuva K Kugeza	8	Ibihano Ku Mwana Yarenze amategeko ya Bisi	28
Kwandikwa muri iyo Programa no Kuyitsinda	9	Ivyuma Murikirabuhanga	
Ivyigwa (Nyuma y-Amasaha y-Ishure)	9	Imiduga Yunguruza Abanyeshure	28
Ikigo c-Ubufasha mu karere GESD (SoCC)	9	Insiguro ku Miduga Yunguruza Abanyeshure	28
Gufasha Abatazira Aho Baba	9	Amategeko Agenga Gutwara Abana muri Bisi	28
		Ibihano Ku Mwana Yarenze Amategeko ya Bisi	29
		Umurongo Murikira-Bavyeyi	31
		Ivyuma Vy-Ubuhinga bwa None	32
		Insiguro y-Ubuhinga Bugezweho	32
		Amashyamba mu Gukoresha Ubuhinga Bushashya	32

IGITABO C-UMUVYEYI N-UMUNYESHURE

Intumbero y-iki gitabo ni ni ugushikiriza Abavyeyi n-Aabanyeshure urutonde rw-amategeko, ingingo, na za programa zose Akarere k-Amashure Abanza ya Glendale agenderaho.

IMIKINO YO KUNONORA IMITSI

Intumbero y-Iyo Mikino

Mu Mashure Abanza mu Karere ka Glendale turizera ko imikino yo kunonora imitsi ifite uruhara rukomeye cane muri programa y-inyigisho. Programa y-Imikino ni akanya keza ko kwiha discipline, kugira umutima wo gukorera hamwe, no kwihatira guhiganwa mu masaha atari ayo mw-ishure.

Ibisabwa kugirango ube muri iyo mikino

Mbere y-uko abanyeshure bemererwa kuja mw-ihiganwa, bagomba kuba bujya ibisabwa mu vyigwa vyo mw-ishure, bakareba kuri video hamwe n-abamenyereza babo, noneho umuvyeyi canke umurezi akavyemeza. Abanyeshure baja kwa muganga ku mwaka ku mwaka bakogera bakaba bafite uburenganzira ntungamagara. Insiguro itomoye mushobora kuyisanga ku rubuga mbikabumenyi www.gesd40.org.

IBIJANYE NO GUTONDA ISHURE

Intumbero y-Ugutonda ku Ishure

Amashure Abanza yo mu Karere ka Glendale arategera neza ko abanyeshure bafite kudatonda ishure mu gihe bibaye ngombwa gusa. Ingingo zikurikira tugomba kuzubahiriza, kugirango tugabanye ivyovyose vyosamaza abanyeshure, twongere duhimirize abanyeshure kudacerwa canke kudasiba ishure.

Ibisibo

Mu gihe bibaye ngombwa ko umunyeshure asiba ishure, musabwe kubimeyesha ishure bitarenze isaha n-igice kuva ivyigwa bitanguye. Ishure ryose rifite umurongo wa nimeru muhamagara kugira mumenyeshe uwashyize ishure. Mushobora gusiga ubutumwa. Ico gisibo kizagumaho kugeza umuvyeyi ahamagaye ishure canke akatwandikira agakete. Ishure rica rihamagara mu masaha abiri kuva ivyigwa bitanguye mu gihe umuvyeyi atazaba yahamagaye canke yarungitse ikete risigura ko umunyeshure ari busibye ishure. Abavyeyi kandi barashobora kumenyesha ibisibo vy-abana bakoresheje umurongo ntuma-makuru ParentVUE; bashobora kandi kurahuriramwo ivyangombwa nk-akarorero ivyete vyo kwa Muganga.

Amategeko Agenga Gusiba Ishure

Gutonda ishure ntabwo ari umuco mwiza gusa; ni itegeko hano mu ntara ya Arizona. Umwana uri hagati y-imyaka 6 na 16 asibye ishure arakurikiranwa kiretse abirekuriwe n-amategeko ARS 15-802, 15-803, canke 15-901. Ugusiba birenze urugero canke birenga ica 10 c-imisi yo gutonda ishure navyo bifatwa nk-ubugaba n-aho umwana yoba abifitiye uruhusha. Umuvyeyi canke umurezi w-abana abifitiye uburenganzira niwe ugomba kuitwararika ko umwana atonda ishure buri musu, canke agakurikiranwa

n-amategeko yo ku rwego rwa 3 mu gihe umuvyeyi canke umurezi atitayeho kurungika umwana ku ishure.

Guta ishure ni ugusimba ivyigwa isaha imwe canke nyinshi umuvyeyi/umurezi atabizi kandi biyuranye n-amategeko ya Arizona canke y-Ishure. Ibisibo bigera kuri bitanu mu mwaka nta ruhusha rubyemeza bifatwa nko guta ishure. Akamenyero ko guta ishure, ufite uruhusha canke utarufite, bihanwa n-amategeko agenga abana abavyeyi/abarezi nabo bakarungikwa mu rukiko.

Programa C.U.T.S. ni iki

Ni programa yo mu gisata ca Maricopa, ikoresha ibihano bihabwa abanyeshure n-abavyeyi/abarezi mu gihe abana batitaba ishure. Ubuyobozi bw-Ishure burafite uburenganzira bwo kurega umuvyeyi/umurezi mu gihe umwana akwije ibisibo 5 canke birenga canke ibisibo birenga 19 n-aho yoba afite uruhusha canke atarufite. Muri icyo gihe umuvyeyi n-umwana basabwa kuitaba mu Kigo c-Urukiko rw-abana bomp. Ibisubizo vyo mu rukiko bishobora kuba ibi:

- Ihadaba ya Dolari 50.
- Umuvyeyi canke umwana canke bomp basabwa kuitaba inyigisho isobanura ibijanye n-Ishure • Igihano cyo gukora amasaha canke guhugurwa bishobora guhabwa umunyeshure.

Kuva Ku ishure Kare

Vyoba vyiza mu gihe abana bavanwa ku ishure kare gake gashoboka. Duhamagaye abana tubavana mu ishure birasamaza amasomo umwigisha aba yateguye muri icyo gihe. Umuvyeyi aje guora umwana mu masaha y-ishure, bica biharurwa ko yize igice c-uwo musu. Vyiza mwobaza ibiro vy-ishure ingene igisibo c-uwo musu giheza kigaharurwa.

Muca mu biro mugutora umwana mu masaha y-ishure. Uwo wese aje gutora umwana aba yanditswe muri dosiye y-umwana/akaba uwo twoshaka mu gihe vyihutirwa kandi akerekana indangamuntu yiwe.

Kugira Uruhara mu bindi Bikorwa ku Ishure

Abanyeshure basabwa kuba banywe ku ishure kuva kare. Ivyo bikorwa navyo ni ivyinyuma y-amasaha y-ishure canke ku mugoroba: inkino, kuimenyereza, gutamba, n-ibindi.

Kuriha Amasaha Watakaje

Iyo umwana yasivye ishure, asabwa kuriha amasaha yatakaje. Abigisha barahaze bagatunganya ivyo umunyeshure yokora kugirango arihe umwana n-ibikorwa yari gukora icyo atari gusiba ishure.

UMUTEKANO W-ABANYESHURE MU MASHURE

Insiguro y- Umutekano w-Ikigo n-Abanyeshure

Amashure Abanza yo mu Karere ka Glendale arazirikana lo abanyeshure bafite uburenagzira bwo kwiga mu mutekano. Ingingo zikurikira zarafashwe kugirango ikigo kirangwe mwo umutekano w-abanyeshure.

Inyifato Rusangi mu Mashure mu bihe vy-Ingorane/Ivyaduka/n-Ingingo zofatwa

Twasanze ari ngombwa ngo tube tuzi icorwa bibaye ngombwa n-ubwo hari umutekano mu Karere. Ishure ryose rifite ibitegekanijwe hagize impanuka ziyadukiza. Mu bitegekanijwe harimo gufunga imiryango y-ikigo yose canke guhungisha abanyeshure. Umurwi wo Kwirinda Impanuka wama wihweza ivyo bitegekanijwe ukongera ugahugura abakozi bese. Mu gihe habaye ivyaduka ku ishure canke mu kibano, imiryango y-ishure yose ishobora guhita yugarwa.

Imyitozo yo kwirinda umuliro no gufunga inzira zinjira mu kigo tubyitoza buri kanya. Mu gihe inzira zose zija mu kigo zugawe, ivyigwa birahagarara. Mu gihe ikigo kibonye ibimenyetso vy-caduka, abana bose baguma mu mashure imiryango yose ikugarwa, uruja n-uruka bigahagarara. Dushobora kandi guca dukoresha umurongo nterakamo mukumenyesha abavyeyi.

Ikindi n-uko Akarere Ka Glendale gategekanije inyifato rusangi Zo Mu Gihe c-Ivyaduka zo gutohoza no gutorera umuti ingorane kugirango dukomeze umutekano hanyuma abana bakomeze kwiga neza.

Inyifato mu Kigo c-Ishure

Nta muntu n-umwe ufite uburenganzira bwo guhungabanya umutekano mu kigo c-Ishure (Itegeko A.R.S 13-2911). Mu gihe bishitse, abategetsi b-Ishure bafite uburenganzira bwo kwirukana uwo muntu mu kigo c-Ishure. Bibaye ngombwa bagatabaza abajejwe umutekano. Imvugo itabereye, isamaza canke y-iterabwoba ku bakozi n-abanyeshure ntutazayihanganira kandi uwo ari we weseazerekana iyo nyifato igayitse tuzamwima uburenganzira bwo kuinjira mu Kigo c-Ishure

Gufata amajwi n-amafoto muri Bisi z-Ishure

Gufata amajwi n-amasanamu muri bisi z-Ishure bisabwa n-userukira Akarere (Umuyobozi w-Akarere, intumwa yiwe, Umukuru w-Ishure, canke Imboneza mu bijanye n-ukwunguruza abanyeshure) bigashikirizwa kandi bikabikwa n-Ibiro vy-Akarere nk-uko amategeko y-igihugu n-intara abisaba.

Kurega Ihohoterwa ry-Umwana

Amateka Nsubirwamo ya Arizona 13-3620 asaba umukozi wo mashure wese yibaza ko umwana yahohotewe canke bamutereranye ku buryo bigaragara ko umwana hari abamusinziyako, bakamubabaza, bakamukubita, bakamukomeretsa ku mpaka bidaciye mu mpanuka, uwo mukozi yohita abimenyesha Igisata c-Umutekano w-Abana (DCS), canke/hamwe n-ibigo bishinzwe gukingira amategeko. Uwo wese atanga raporo z-ihohoterwa ry-abana akingirwa n-amategeko y-intara kugirango ntihagire ikimukurikirana.

Gusaka no Gufata Ibikoresho ku bw-Umutekano

Ubwitonzi, ugutunganirwa n-umutekano ni ngombwa kugirango abanyeshure bige neza. Abategetsi b-Ikigo c-Ishure bafite uburenganzira bwo gusaka no gufata ibikoresho, harimwo ibikoresho vy-Ishure vyatijwe abanyeshure, mu gihe hari impamvu zigaragara ko ivyo bikoresho binuranye n-ubwitonzi, ugutunganirwa n-umutekano w-abanyeshure. Ibikoresho nk-udusandugu canke imeza z-ububiko canke umutungo w-umwe wese birarekuwe kandi biguma ari ivy-Ikigo canke abategetsi bakabisuzuma igihe cose bibaye ngombwa. Abanyeshure ntaco bemerewe guhisha, kandi abakozi b-Ikigo bafite uburenganzira bwo gusuzuma udusandugu, imeza, ububiko n-ibindi umwanay wose bibaye ngombwa, hari impamvu canke ata mpamvu, abanyeshure babizi canke giturumbuka (Amateka y-Ishure JIH).

Ingene Iburo Nkingirabana Bikora Itohoza

Itohoza ry-Abahinga bo Gisata c-Umutekano w-Abana rikorerwa mu mashure yo mu Karere. Umuvyeyi w-umunyeshure iryo tohoza riraba, co kimwe n-abo mu rugo rw-umunyeshure, bagomba kubimenyeshwa mberey-ighe. Abarongozi b-Ishure bashobora kuba bari kumwe n-abatohoza mu gihe ari ngombwa (Itegeko Murikira-Buyobozi JIH, A.R.S. 8-821 hamwe na 8-823, urupapuro rw-Insiguro y-Itegeko Murikira-Buyobozi JIH-EC rujako umukono w-Uwakoze amatohoza)

Ingene Abajejwe Umutekano Bakora Itohoza

Amateka y-Abahagarariye Akarere abasaba gukorana n-ibigo bijejwe umutekano. Mu gihe umunyeshure agomba kubazwa n-Inyamiramabi ku bugome bwoba bwarakozwe, abategetsi b-Ikigo basabwa kubimenyesha abavyeyi b-umunyeshure nyene kubazwa, kiretse inyamiramabi babona ko abavyeyi babimenye vyohava bituma itohoza ritagenda neza. Inyamiramabi banse ko abavyeyi b-umunyeshure babimenya, umwe mu bategetsi b-ikigo agomba kuba muri iryo tohoza. Mu gihe Umutegetsi w-ikigo

bamwankiye kuba muri iryo tohoza, Ujejwe umutekano agomba guhita yishinga uwo mwana mu kibanza c-abavyeyi canke abategetsi b-Ikigo. Mu gihe umunyeshure ahagaritswe akajanywe gufungwa bamukuye mu Kigo mu masaha y-ishure, ikigo ntabwo kiba kigifite uburenganzira ku mwana. Baca bandika urupapuro ngengamategeko Exhibit JIH-EB mu gihe umunyeshure yapfunzwe, hanyuma Umutegetsi w-ico Kigo canke Umushingwamategeko bakora uko bashoboye kugira babimenyeshe abavyeyi, bakongera bakabwira abavyeyi abashingwamategeko bamufashe.

Haramutse hategurwa itohoza, umuvyeyi canke umurezi w-umwana agomba kumenyeshwa ko abajijwe umutekano bari bukoze itohoza ku mwana, Kandi umuvyeyi/umurezi afite uburenganzira ko kuba ahari. .

Ingene Abayobozi b-Ishure bakora Itohoza

Abakuru b-Ikigo barafite uburenganzira bwo kubaza umunyeshure ibijanye n-ishure ivyoye vyose umwana uwo ari wo wose. Umunyeshure ahawe igihano Ishure rya ribwira abavyeyi. Umunyeshure arafite uburenganzira bwo kwanka ko abashingwamategeko (SLO) aho ari bo bese bamubaza hakurikijwe itegeko (JIH) rigenga abahanuzwajamba mu karere.

IVYIGWA

Intumbero y-Amashure n-Itunganywa ry-Ivyigwa

Amashure Abanza mu Karere Ka Glendale yariyemeje kuigisha abanyeshure ku rwego rwo kubashikana ku buhanga bugezweho bwo guhangana n-ibisabwa muri kino kinjira ca 21. Ivyigwa vyegeranijwe dukurikije ivyoye abavyeyi n-abigisha bashikirije. Amashure yigisha gusoma, kwandika, ubuhanga murikirabuzima, imibereho, umuziki, utugenegere, kwinonora, ubuhanga nshikirizamakuru. Ivyigwa vyose biri ku rugero rwa Intara ya Arizona.

Ivyigwa Abana Bakorera mu Rugo

Intumbero y-ibigwa bikorerwa mu rugo ni ukunonosora amasomo abanyeshure baba bize mw-ishure. Umwana abanyeshure bokeresha muri ico nyigisho zo mu rugo ungana n-iminota icumi-cumi ukurikije ishure umwana agezemwo. Urugero: umwaka wambere ntiboreza iminota 10, uwa munani ntiboreza iminota 80. Abana bohabwa ivyoye bikorwa vyo mu rugo gatatu mu c-umwero canke karenga. Turakeneye inkunga no kwumvikana kugirango ibibikorwa vyo mu rugo bifashe abana gutera imbere mu buhanga.

Agashimwe ku bana b-Abahanga

Amashure menshi yo mu Karere iwacu yarategukaniye programa yo gushimira abana baba bakoze neza birengeje. Musabwe kwegera abayobozi b-Ishure bakabasigurira ivyerekeye icyo programa.

Intumbero y-Ivyigwa Mu Karere ka Glendale

Amabanga tujijwe ni aya: Abakozi bacu baravyigiyeye, baranonosora ivyerekeye akazi kabo kandi bakakitaho bafatanije n-imiryango mu kibano iwacu, bakongera bakitwararika ko umunyeshure wese anonosora ubwenge bikamuhanga integere zo kuba incabwenge zizokwiteza imbere mu buzima.

Amategeko yo Kunguruzwa

Akarere k-Amashure yacu karitayeho ingene abana batanga imbere. Abanyeshure bese basabwa gukwiza ivyangombwa kugira ngo babone kunguruzwa mw-ishure rikurikira: ingene umwana atanga kw-ishure, ivyigwa vyo mw-ishure, ingene abigisha bashimiye ibikorwa vy-umwana, amanota meza mu bikorwa vyo mw-ishure be n-ibizamini vya Intara. Umwana bimugoye haba hari ho umurwi wo kw-ishure uka uja inama n-abavyeyi b-umwana kugira ngo bafashe umwana gutorera umuti ibiba bimugoye. Umwigisha niwe aheza agafata ingingo ya nyuma. Abavyeyi badashimye ingingo zafashwe ku mwana wabo baba bafise

uburenganzira bwo kwitura urwego nyobozi. Insobanuro itomoye kurusha ku vyereke iyunguruzwa ry-abanyeshure mushobora kuyisanga mu gitabu c-amategeko y-Akarere (raba igice c-amateka IKE).

Itegeko ARS Igice 15-701 riranonosora ko abanyeshure bose bo mu mwaka wa gatatu, kugirango bunguruzwe baba barerekanye ko bafite ubuhamya bwo kumenya gusoma nk-uko amategeko ya Leta abisaba. Umwana azoba ari kure musu y-urwego rw-abana bo mu wa 3 mu vyerekeye kumenya gusoma ntazoheza ngo yunguruzwe kiretse afise «impamvu ziboneka» zotuma bamureka akunguruzwa nk-uko Inama Nkuru ya Intara Ijejwe Indero mu mashure ivyemeza. Izo mpamvu nazo ni zibiri:

1. Abanyeshure baciga Ikingereza canke abanyeshure bataranonosora Ikingereza baka bataramara imyaka ibiri biga urwo rurimi rw-Ikingereza, hamyuma
2. Abanyeshure bafise ubumuga, byemezwa n-abavyeyi canke abarezi b-uwo mwana; uwo mwana akaba akeneye gufashwa kurusha mu kwandika no gusoma, mu gutegeza iivyo bamusomeye; canke akaba afise ingorane zihambaye zifitaniye isano no guhahamuka.
3. Umunyeshure ari mu nzira yo gusabirwa inyigisho nterankunga canke umunyeshure yapimwe ko afise ubumuga butuma bimugora gusoma harimwo kutorohereza gusoma no gutahura amajambo.

Amashure azoheza arungikire amakete abavyeyi b-abana bazoba bafise ingorane zihambaye mu vyereke kumenya gusoma imbere yo kurangiza umwaka wa gatatu. Iryo kete rizoba risobanura iki bikurikira:

1. Insiguro inonosora ingene bazoba barafashije umwana kumenya gusoma;
2. Insiguro uy-ubuhinga mu kwigisha yerekana ivyo bofasha umwana kugirango anonosore ubuhinga bwo kumenya gusoma
3. Ubuhinga abavyeyi bikoresha ngo bafashe umwana wabo kuba umuhinga mu gusoma;
4. Ikete ryandikiwe abavyeyi risigura ko umwana wabo atazunguruzwa mu gihe amanita y-ikibazo ca Intara azoba yerekana ko uwo mwana ari musu y-abana bo mu wa gatatu mu e gusoma kiretse umunyeshure bamugiriye impuhwe kubera imwe muri za mpamvu zibiri twasigura hano hejuru.

Amakarata Yerekana Amanota

Abavyeyi/abarezi baronka amanota y-abana gatanu mu kwezi, igihe cose inyuma y-ibibazo. Ariko umwana bamusuzuma buri gihe. Tubasaba ko mwokwama mubaza umwigisha ingene umwana akora mw-ishure. Urwego rwanditse aha musu ni rwo rwerekana ingene umunyeshure atera imbere mu buhanga hakurikijwe amategeko ya Arizona. Ugwego rwa “4” ni rwo ruri hejuru. Amanota bayaharura gushika ku kibanza kigira 10 kugira berekane ubwenge bw-umwana bakurikije inzego z-amanota.

- | | |
|----------------------|--|
| 4=Urwego rwo hejuru: | Umunyeshure aba ari umuhanga ukora neza cane kandi buri gihe cyose akitaho ibyigwa akama asumbye abandi amanota meza bitamuvunye. |
| 3=Urwego ruhagije: | Umunyeshure arerekana ko atahura neza amasomo, kandi ashoboye gukoresha ibyo yize ku rugero rw-umwaka yiga mu ntawumufashije. |
| 2=Urwego rudakwiye: | Biboneka ko umunyeshure ataratahura neza ibyo yigishijwe ariko ari gutera intambwe mu kunonosora no gukoresha ubuhinga yigishijwe. |
| 1=Urwego rwo hasi: | Urabye umwaka y-igamo, biragaragara ko umunyeshure atari yagera ku rwego asabwa kugeraho. |

IBIFUNGURWA N-INGABURO

Insiguro y-Ibijanye n-Ibifungurwa

Ibiro vyo gutunganya imfungurwa mu karere ka Glendale bifasha mu kugaburira abana ibiryo ndemamubiri kandi biryohera abanyeshure.

Ibifungurwa n-Ingaburo

Ibiryo vyose birimwo ivyangombwa ndemamubiri, hamwe n-ivyamwa be n-imboga kugira ngo abana bame bameze neza ntibibagore kwiga. Abana bgaburirwa ku buntu. Akarere ka Glendale kari mw-Ishirahamwe CEP ry-Uburenganzira bwo Kugaburira Ikibano naro rikaba ari ishami ry-Amashirahamwe Mpuzagihugu y-Imfungurwa za mu gitondo na Sasita. Abanyeshure bose bafite uburenganzira bwo gufungura kw-ishure mu gitondo na sasita, ndetse n-amashure amwe n-amwe akagaburira abanyeshure mu gihe baba bari mu vyigwa ny-inyuma y-amasaha y-ishure.

Gutegura Imfungurwa n-Urutonde Rwazo

Mu gufasha abanyeshure mu bijanye n-ibifungurwa, turagerageza gutegekanya amoko menshi y-ibiryo mu gihe co gufungura. Igisata c-Ubuhinzi n-Ubworozi USDA gitegeka ko umunyeshure abona ingaburo ibereye mu gitondo na sasita. Ibiryo biba ari ubwoko butandukanye kugirango umwana abone uko ahitamo ivyo ashaka bimushimishije. Mu gitondo abana babona imigati, ivyamwa, amata, imboga hamwe n-umutobe ukanywe mu mbuto. Sasita abana babategurira amata, ibiryo vyavuye mu ntete, inyama zitagira ibinure canke ivyokabwa inyama, n-ubwoko bunyuranye bw-imbuto be n-imboga. Sasita hategurwa ubwoko butatu kugirango abana bitore ibiryo ndemamubiri kandi biryoshe. Urutonde rw-imfungurwa murusanga ku murongo mbikamakuru rw-akarere.

Ibifungurwa n-Amagara Meza

Intumbero yacu n-uko ibiryo vyoba biryoshe kandi ari ngirakamaro ku banyeshure bacu. Ingaburo zacu zose zigomba kuba zirimwo ivyangombwa biringaniye harimo amata, inyama, imikate n-ubwoko bw-imbuto n-imboga. Kugira dukomeze kugabura ibiryo byiza, kimwe kimwe cose turagisuzumisha imbere y-uko tugishira mu rutonde rw-ibiryo tugaburira abana. Twaratanguje kandi programa yo kugenzura ko imfungurwa zigaburwa mu misi mikuru canke imanza zidasanzwe hano mu mashure ari ingaburo nziza. Ibijanye n-ibiryo vyose bigaburwa mu mashure kugeza ku gice c-isaha kuva Amashure arangiye, bigomba kuba bihuye n-ibi vya ngombwa:

- Musi y-ibice 35% vy-amavuta ari mu bifungurwa
- Musi y-ibice 10% vy-amavuta n-ibinure
- Grama 0 y-amavuta yo mu mfungurwa
- Ibice 35% vy-isukari ugereraniye n-uko imfungurwa zingana
- Ndemambaraga zitarenze 200 ku gipimo c-ingaburo
- Grama 230 z-umunyu ku gipimo c-ingaburo

- Ibinyobwa vyose bigizwe na jusi, amata, canke amazi. Ibindi binyobwa nka biriya vy-abinonora imitsi nka za Gatorade ntutuyemera.

Igisata gishinzwe ibifungurwa n-Imirire ryishimiye kugaburira abanyeshure bese mu gitondo na sasita k-ubuntu. Mu rwego rwo gutanga ibiryo bifite intungamubiri nyinshi, isaladi nayo nyene itangwa ku buntu. Niba ababyeyi bifuzaga gusangira n-abana babo, barashobora kuza ku ishure bakagura ifunguro rya mu gitondo ku madorari 2.00 cyangwa sasita ku madorari 3.00, ariko bagomba kubanza kwiandikisha mu biro vy-ishure bakaronka murek-arengane.

Ibifungurwa Bidasanzwe

Ku bana bakenera imfungurwa zidasanzwe, ingaburo irashobora gusubirizwa n-iyindi ngaburo kugirango tubafashe mu bijanye n-amagara yabo nk-uko amategeko y-Igihugu mu gisata c-Uburimyi n-Ubwozizi (itegeko 7 CFR 15b) ribisigura. Isubirizwa ry-ibifungurwa rishobora gufashishwa umwana uwo ari we wese afite ingorane z-amagara canke asesererwa n-ivyo aba yariye. Ico dusaba umuvyeyi n-uko yokwuzura impapuro zo gusabira umwana ngo ahindurirwe imfungurwa. Ikindi asabwa ni ukubonana na Muganga kugirango amuhe ivyangombwa vyerekana ko umwana yogaburirwa ibifungurwa bitamugwaza.

[Food Allergy Action Plan link](#)

IBIMENYESHEJWE MURI RUSANGI

Insiguro y-Ibimenyeshejwe

Akarere ka Glendale yarashizeho ibigomba gukorwa kugirango ibintu byose bigende neza mu mashure ku musu ku musu mu kazi kose. Iki gice lero kirasigura neza ivyangombwa dukeneye kumenya neza.

Uburenganzira bw-Umuvyeyi/Umurezi

Mu gihe uburenazira ku mwana canke kumusanga kw-ishure byenda gutera ingorane, amashure yisunga ingingo zafashwe n-urukiko ziba ziri muri dosiye y-umunyeshure. Abavyeyi basangiye uburenganzira ku mwana niba bategerezwa gushikiriza ishure ivyangombwa vyavuye mu rukiko bikabaha uburenganzira ku mwana. Impapuro zigiza umuvyeyi kure y-umwana ziva mu rukiko gusa. Amashure Abanza ya Glendale arafite ububasha bwo kwimana umwana canke ivyangombwa vyawe kugeza icyo ngorane ivuye mu nzira.

Imisi Abana Bataha Kare

Imisi abanyeshure bataha kare ni wo mwanya abigisha baba baronse wo guhugurwa. Amashure Abanza ya Glendale aremeza neza ko ingendo yo kwigisha abanyeshure neza bakaba incabwenge ari uguha abigisha umwana wo guhugurwa. Gutaha kare mu mashure yacu kenshi ni ku musu wa gatatu. Vyiza lero mwobaza ishure urutonde rw-imisi abana bataha kare.

Ibikorwa Ngororera-mashure

Amashure yaratanganiye ibikorwa atari mu masaha y-ishure bikaba bifite intumbero yo gufasha abana bari mu mashure abanza. Ivyo bikorwa biratandukanye ku ishure rimwe rimwe, ariko vyinshi ni ibirimo ikinamico, urubugu, ukumenyesha amakuru, amaklabu, intwari y-abanyeshure, hamwe n-inonoramitsi. Abanyeshure bese bitwara nabi bagateza ibibazo mw-ishure bashobora kutemererwa muri icyo bikorwa ngororera. Amashure kugeza bahinduye ingendo. Abanyeshure bo mu wa 6, wa 7 na 8 basabwa kugumana amanota meza hakurikijwe ingingo JJJ.

Asiranse Nkingiramagara

Abavyeyi bose basabwe kugura asiranse ikingira umwana canke bakoreshe asiranse isanzwe ikingira umwana. Kugira vyorohe kandi mwikingire, murashobora kugura asiranse mu biro vy-Akarere. Ishure rizabohereza ikete ririmo insiguro irambuye, canke mugende ku murongo mbika-makuru mu Karere ka Glendale www.gesd40.org/link-one/resources-and-handbooks/ kugira mutahure ibjanye n-ugukingira abanyeshure impanuka. *(Bibaye ngombwa mwosaba iryo kete mu biro vy-ishure.)*

Kutavangura

Nta muntu n-umwe afite ico asana n-Amashure Abanza ya Glendale, yaba umunyeshure, umukozi, canke umugiraneza, yokora ivangura rifatiye ku gitsina, amashengero, urukoba, inyifato-gitsina, canke ubumuga, kugirango akumire uwo ari we wese mu buzima bw-ishure, ibikorwa vyo ku ishure canke ama programa yose yo mu mashure.

Umutungo w-Ishure n-uw-Abanyeshure

Imeza, ibitabo vy-Ishure, ibikoresho mbikabuhanga ni umutungo w-ishure, kandi umwanya wose biguma mu minwe y-Akarere ka Glendale. Ariko lero abanyeshure basabwe kwitwara neza bakwubahiriza umutungo w-ishure, intebe n-imeza, ibitabo n-ibindi bikoresho vyose mu kigo c-shure. Ishure rirafite uburenhanzira bwo gusaka intebe, imeza, amasaho y-ishure n-ay-ibitabo, umwanya uwo ariwo woe kandi bidasavye ko umunyeshure agomba kuvyemera. Abavyeyi bagomba kwishura ibizaba byangiritse kubera abana babo.

Gusaba Ivyangombwa vy-Umunyeshure

Ukeneye ivyangombwa vy-umunyeshure, usabwa kwuzura Urupapuro rwo kubisaba ku rubuga <https://portals.student.records> canke ukarutora ku Biro vy-Akarere ka Glendale kuri 7301 N 58th Ave mwibangikanije indangamuntu. Ababa kure nabo mwokoresha fax mukarungika indangamuntu hamwe n-urupapuro rwo gusaba. Mushobora guhamagara kuri 623-237-7276 mugasobanura.

Kunywa Itabi Birabujijwe n-Amategeko

Kugira ngo dukingire amagara y-abantu kandi duhe abana urugero rwiza, kunywera itabi ku ishure canke mu bibanza vyose vy-ikigo c-ishure *birabujijwe*. Abavyeyi n-abandi batemberera ku kigo c-ishure basabwa kutanywa itabi, guhekenya ubugoro, canke kunywesha itabi ivyuma haba ku ishure canke mu kigo c-ishure, canke mu gihe abana n-abigisha bagaye kwigira ahandi.

Gusura Ikigo c-Ishure

Abo bose bazaza ku ishure ku mpavu izo ari zo zose basabwe guca mu biro vy-Ishure bakiyandika mu gitabo mbere y-uko babaha ikarata ndangabashitsi. Abaje ku ishure bagomba kuerekana indangamuntu. Kubera impamvu z-umutekano w-abanyeshure, ni ngombwa ngo tumenye uwo wese yinjiye mu kigo c-ishure, twongere twubahirize akazi k-Ishure (Ingingo Nyobozi KI na KI-RA). Kwinjira mu ishure bariko barigiramo canke mu bindi bikorwa bibera kw-ishure vyemerwa n-Umuyobozi w-Ishure.

Abavyeyi n-incuti z-umunyeshure barashobora gutembera ku ishure no mw-ishure. Mu gihe bari mu ishure basabwe kwubahiriza igikorwa ca Mwigisha ku neza y-abana bose, kuko ata mwanya azaba abafitiye ko aganira nabo. Abavyeyi basavye kubonana n-umwigisha, umwigisha azoheza abashakire umwanya. Iyo ikigo co hanze gisavye kuza kureba ingene umwana yiga, umuvyeyi/umurezi niwe agomba kubisaba umwigisha n-umuyobozi w-ishure imbere y-igihe. Abatembereye ishure bagomba kwitwara neza kandi bikwije mu gihe bari mu kigo c-ishure canke baje mu bikorwa vy-ishure.

Ibindi Bikorwa n-Izindi Programa mu Karere

Akarere k-Amashure matomato muri Glendale kariyemeje kugwiza ibikorwa n-izindi programa zo gufasha abavyeyi n-abanyeshure mu vyo bakeneye. Insiguro yavyo iri hano hakurikira.

Ubuzima bwimyitwarire yoherejwe mu bindi bigo

Buri mwaka, mu gihe abanyeshure biyandikisha, abavyeyi bazoba bafise uburyo bwo guhitamo amashuri yitaho ubuzima bw-imyitwarire. Ababyeyi bafite uburenganzira bwo kutemera iyo ishure riba ryabarungitse n-ubwo boba bakeneye ubufasha. Umunyeshuri wese cangwa umufatanyabikorwa wo mu Karere ka Glendale yemeye gufashwa agomba kuba afite uruhushya rwasinywe n-ababyeyi kugirango abakozi babone gutangaza amakuru hamwe n'abashinzwe ubuzima bwo mu mutwe bo hanze bitaho abanyeshuri. Ababyeyi barashobora guhakana uburenganzira bwabo igihe icyo aricyo cyose.

Programa y-Icongereza kuva K Kugeza 8

Akarere k-Amashure matomato ya Glendale gakoresha ibi bikurikira kugira ngo abanyeshure banonosore ururimi rw-Ikingereza:

- Programa yo Kunonosora Ikingereza y- amasaha 2 y-akarorero ni iyo kwigisha abanyeshure buri musi mu rurimi rw-Ikingereza mu rwego rw-abananosoye Ikingereza. Abanyeshure biga muri iyi programa bese ni ababa baciga ikingereza.
- Programa yitwa DLI 50-50 yo ku bigo Horizon na William C. Jack bishimikiye kuri Indimi Nyabubiri z-Igisipanyoro. Iyo programa iteganyijwe iminota 90 y-ivyigwa rusangi n-iminota 30 y-ivyigwa ntego.

Programa Nyabubiri y-Indimi ni programa y-Abanyeshure baciga icongereza n-abakivuga. Igice c-umusi biga mu congereza, ikindi gice bakiga mu Gisipanyoro. Muri kino gice iyo programa igeze ku banyeshure batobato hamwe n-abo mu wa mbere. Bazogenda barongerako umwaka umwe umwe. Umwana yemerewe kwiga muri iyo programa arafise uburenganzira bwo kwiyandikisha aho ashaka hari mwen-ayo mashure.

Kwandikwa muri iyo Programa no Kuyitsinda

Mu kiringo co kwandikisha umwana, barabaza abavyeyi nimba mu rugo bavuga urundi rurimi. Ico gihe bahita basuzuma umwana mu rurimi rw-Ikingereza ngo barebe urwego ageza ho. Hano muri Arizona dukoresha ikizami citwa AZELLA Kugirango turebe nimba umunyeshure akwiye kwandikwa muri programa yo kunonosora Ikingereza. Abanyeshure baba babonye amanota ari musi y-urugero rukwiye bahita babashira muri iyo programa yo kwiga no kunonosora Ikingereza. Abanyeshure bese bazoba bagenywe kunonosora Ikingereza, ni baba bari muri iyo programa canke abavyeyi babo barayibakuyemwo, **bazohabwa ikizamini buri mwaka** bakoresheje ca kibazo ca Reta citwa AZELLA kugira ngo turabe aho bageze mu kumenya ikingereza. Abanyeshure bazobona amanota ahagije bazahita babavana muri iyo programa. Mufite ibyo musiguza, murahamagara Ibiro Bijewe Kunonosora Ikingereza kuri (623) 237-7171.

Ivyigwa (Nyuma y-Amasaha y-Ishure)

Kugirango bafashe abantu baba muri kano karere, amashure amwe amwe arafise umwanya wo gucunga abana imbere y-uko ivyigwa bitangura canke inyuma y-amasaha y-ivyigwa. Abana bo kuva mu mwaka w-Integurirantango kugeza mu wa 6 baremerewe. Amafaranga abavyeyi batanga ashobora kutaba menshi, bamwe bamwe hari n-aho baronka imfashanyo bahawe n-Igisata Gifasha Kubaho Neza, DES. Inimero y-ibiro bikora ako kazi ni 623-237-7144.

Ikigo c-Ubufasha mu karere ka Glendale (SoCC)

Ikigo c-Ubufasha ca Glendale kiri kuri aderesi ya 7677 W Bethany Home Rd. Ico kigo n ink-ishure ariko hakorerwamo imirimo yo gufasha abantu bo mu kibano rigafatanywa iyo mirimo n-abafatanywa-bikorwa. Ico kigo citaho abanyeshure, abakozi, imiryango mu bintu ngirakamaro vyinshi harimwo gufasha abafite canke benda kugira ibibazo vyo mu mutwe. Ni ihuriro ry-abanyakibano aho abaturage baza bisanga bakiyumva ko baje iwabo. Ni ishimikiro ry-ubufasha mu kibano, ikakira abantu baba mu turere dutangurirwa na nimero za posita 85301, 85302, na 85303. Amakuru aramvuye ababikeneye bohamagara numero ya telephone (623) 237-4015 canke bakahishira kuva ku wambere kugeza ku wagatanu hagati ya sambiri na sakumi n-imwe bakareba ubufasha bashobora kuhabona n-ikirangamisi c-ibikorwa biharangurirwa. Amakuru aramvuye ku murongo mbikamakuru <https://systemofcarecenter.gesd40.org>

Gufasha Abatagira Aho Baba

Abana bo mu gitamwaka hamwe n-abakwije imyaka yo gutonda ku ishure baba mu bibanza vya bantahonikora kubera bavuye mu nzu yabo, canke barahuye ivyaduka, barafite uburenganzira bwo gukingirwa n-itegeko ryo gufasha abo bana kuja muri programa yitwa McKinney-Vento. Ivyo bibanza ni: • Mu nzu y-indaro, mu buraro burihwa, mu muduga canke mu kibanza c-icumbi • Mu mihanda

- Mu nzu bahevyeye, mu bikwegane, canke ibindi bibanza bitagenewe kubamwo
- Mu nzu z-abavandimwe canke inshuti kubera batagira iwabo canke badashobora kwibeshaho Bumwe mu burenganzira ni nk-ubu :
- Kwemererwa ishure ya Intara ku buntu kandi ibereye
- Kwandikwa mu ishure buno nyene, n-aho boba bakirondera ivyangombwa bisabwa
- Gutonda ishure mu gihe ishure rigishakisha ivyangombwa
- Kwemererwa mw-ishure riri hafi, canke gukomeza biga mw-ishure batanguriyemwo (ishure bigamwo bagifite iwabo), nimba arivyo abana bifuzwa kandi bikaba bishoboka. (Nimba Ibiro vy-Amashure Abanza bibaza ko ishure wahisemo atari ryiza, ivyo biro bahita bakwandikira impamvu bibaza ko ufite uburenganzira bwo gusabira abo bana ahandi bokwiga).
- Kubona imodoka ibashikana ku ishure bahora bigako ikanabatahana ariko wabisavye
- Kwigishwa no kuronka imfashanyo za programa zose zo mu mashure nk-uko abandi bana bose bazibona kandi barebye ivyo abana bakeneye

Ibiro bifasha abana batagira aho baba barashobora gufasha ingo n-abanyeshure babo gutahura neza ibijanye n-imfashanyo bashobora kubona. Mubikeneye mwohamagara kuri (623) 237-7144 mukeneye ubufasha.

Programa y-Impunzi

Iyi programa ni iyo gutera inkunga impunzi kugira ngo bace ubwenge bongere bamenyere imibereho mu mashure yo muri Amerika: kwigisha abana nyuma y-amasaha y-ishure, Amashure yo mu kiruhuko co mu ci, progrma zigisha ababvyeyi, gusigurira abavyeyi mu ndimi kavukire, gufasha abana kubona impuzu no kurangira impunzi iyo boja gusaba imfashanyo bakeneye. Musabwe guhamagara (623) 237-7162.

Ibiro Bifasha Imiryango Itishoboye

Ni Ibiro vya Intara ya Amerika bifasha Amashure yigamo abana b-imiryango ibona umushahala muto. Ivyo biro bitera inkunga Amashure abanza kwongereza imfashanyo kuri abo bana kugirango bageze mu bigero

bazabe bari ku rwego rwo kwiga muri kaminuza no kubona akazi, bagere ku rugero rw-ivyo intara ya Arizona isaba mu buhanga. Baza umuyobozi canke raba umurongo mbikamakuru www.gesd40.org.

URUHARA RW-ABAVYEYI/ABAREZI MU MASHURE

Ijambo ry-Insobanuro

Amashure Abanza ya Glendale arizera neza ko abavyeyi/abarezi ari inkingi mu bijanye n-ubuhanga bw-abana mu mashure. Ibi bikurikira ni insiguro y-ingene abavyeyi/abarezi botera inkunga abana babo kugira babe abahanga mu mashure.

UKWITANGA: Programa y-Abagiraneza

Abavyeyi canke inshuti zabo basabwa kwuzuza impapuro zo gusaba gufasha. Izo mpapuro zitwa BRAVO kandi bakazitorera mu biro vy-ishure canke mu biro vy-Akarere ka Glendale. Gufata ibikumu vy-abafasha ku buntu bikorwa umusi wa gatatu wambere mu kwezi kuva isaha zibiri n-igice kugeza samunani n-igice canke ku mubonano mu biro bikuru vy-Amashure Abanza ya Glendale. Mushobora kureba umurongo mbikamakuru www.gesd40.org mu gice ca “Community” na “Volunteers”, ikibano n-abagiraneza kugira ngo mubone imisi yo gufata ibikumu, canke mubaze mu biro vy-ishure. Abavyeyi basaba guherekeza abanyeshure, canke kurungoora umurwi w-abana, canke kujana nabo muri bisi y-ishure basabwe gushira akamenyetso ku gice c-impapuro zo gusaba citwa “Tier II”, kuko birafasha kumenya urwego rwo gufasha wahisemo be no kumenya ivyangombwa bisabwa mu kwemererwa gufasha abanyeshure. Kandi bisaba imisi myinshi. Ni co gituma ari ngombwa ngo mwuzuze impapuro zose mbere yo kuzisubiza mu biro vy-ishure canke mu biro bikuru vy-Amashure abanza, kugira ntibize bitinde. Hashize nk-imisi itanu canke icumi nyuma yo kwuzuza no gushikiriza izo mpapuro za BRAVO, abavyeyi murashobora kubaza ku ishure ko muri ku rutonde rw-abemerewe gufasha abana. Inshuti z-abavyeyi nabo bashobora kubaza ko bemerewe haheze ivy-umwero munani kugeza kuri cumi. Abashaka gufasha bagomba kuba bari ku rutonde rw-ibiro vy-Amashure abanza. Ubwo burenganzira bwo gufasha bumara imyaka itatu mber yo gusaba bushasha.

Itumamakuru

Guhana amakuru mu ngo, abanyeshure, ikibano, abakozi birafasha abana gutera imbere.

Akarere ka Glendale kariyemeje guhana amakuru muri twese kandi bidatinze.

Dufite uburyo bwinshi bwo gutumanaho amakuru harimwo:

- Gutanga amakuru bakoresheje telefone, imirongo ngurukana-makuru, ubutumwa bugufi-bugufi, uburyo bwo gushikana makuru ku bantu benshi.
- Mu buryo Ishure-ku-Bavyeyi bushobora gukoreshwa harimwo imirongo ntuma-makuru yitwa Class Dojo, Bloomz na SchoolStatus Connect
- Urubuga mbika-bumenyi bw-Akarere ka Glendale: www.gesd40.org
- Imbuga mbika-makuru y-amashure: <https://schoolname.gesd40.org>
- Imbuga nsabikanya-makuru zitwa : @GESD40 on Facebook, Instagram, and LinkedIn • Peachjar: ni uburyo nkurukana-makuru bwo gusabikanya amakuru.
- Ibinyamakuru biri mu mirongo mbika-makuru
- Ivyandiko vyo kw-ishure
- Imirongo ntuma-makuru na telefone z-abakozi (Abigisha bashobora kutabona umwanya mu masaha yo kwigisha)
- Inama z-Abavyeyi n-Abigisha

Amakuru arambuye mwoyasaba ibiro bijejwe itumamakuru kuri nimero 623-237-7180.

Komeza Uhuze n'ubutumwa bw'ingenzi ku ishuri

GESD ikoresha telefoni zikoresha ikoranabuhanga, ubutumwa bugufi, na imeri binyuze kuri Finalsite Mass Messages kugira ngo

isangize amakuru y'ingenzi yerekeye ibikorwa by'ishuri, amakuru ajyanye n'umutekano, ubwitabire, ubwikorezi, n'andi makuru mashya ku karere. Kugira ngo umenye neza ko wakira aya makuru, nyamuneka umenye neza ko amakuru yawe yo kuvugana ari ay'igihe kandi ko ubutumwa bw'akarere budafunze.

Niba warahagaritse kwakira ubutumwa, ushobora gukenera kongera kwiyandikisha:

- Ubutumwa bugufi: Ohereza ubutumwa bugufi START kuri 623-224-2071. Uzabona ubutumwa bwemeza ko wongeye kwiyandikisha.

- Guhamagara kuri telefoni: Hamagara 855-502-7867 ukoresheje nimero ya telefoni itakira amahamagara ku karere.

- Ubutumwa bwa imeri: Niba warakuyemo imeri ku karere, nyamuneka hamagara ibiro by'ishuri by'umwana wawe. Abakozi b'ishuri n'akarere bashobora kugufasha gusubizaho ubutumwa bugufi.

Gukomeza amakuru yawe yo kuvugana bigufasha kubona amakuru y'ingenzi kandi ku gihe aturutse ku ishuri ry'umwana wawe n'akarere.

Ibigo Ntunganiriza-Miryango

Ikigo Ntunganiriza-Miryango kiri ku kw-Ishure rijejwe kwitaho imiryango itishoboye iri kuri 7677 W Bethany Home Rd. Ibindi bigo nterankunga biri ku mashure abanza William C. Jack, Bicentennial Y-Amajepfo, Landmark, na Desert Garden. Ibigo byugururiwe imiryango iyo ari yo yose yo mu Karere ka Glendale. Amahugurwa atandukanye y-ababyeyi n-aho bashakira ubufasha birahari. Ivyo bigo bikoresha uburyo bwatanzwe n-ishirika ryitwa **First Things First** ritera inkunga cane cane abana bafite hagati y-imyaka 0 na 5 (0-5). Ariko rero, imiryango irahawe ikaze guterwa inkunga. ba Family Service barahari kugirango batange ubufasha. Ababyeyi barashobora kandi guhamagara (623) 237-7164 canke (623) 237-7364 kugirango ubone ibikoresho. Ikirangamisi c-inyigisho n'amasaha bizoba biri ku rubuga rw-akarere.

Inama z-Abahagarariye Akarere Glendale

Akarere k-Amashure matomato ya Glendale karongowe n-Umurwi Ndongozi w-abantu 5 batorwa n-ababa muri Glendale. Inama zisanze zikorwa ku musu wa Kabiri ugira kabiri mu kwezi isaha cumi n-imwe, canke rimwe rimwe iyo hari ibibazo bidasanzwe. Amanama yose atanganzwa mu kibanza nyamukuru c-amatangazo bakamanika impapuro zanditseko ibimenyeshejwe amasaha 24 imbere y- inama. Umuntu wese abishaka afite uburenganzira bwo kuza muri izo nama, akabaza ibibazo, canke akagira icyo avuze. Umusiguzi mu rurimi rw-Igisipanyolo aba yategakanijwe. Turabatumye mu nama z-Umurwi Ndongozi. Muzohamenyera vyisnshi kandi munadukebure.

Ibikorwa vyo Gufasha Abatumva Ikingereza

Imiryango ikenera gufashwa gutahura ikingereza barashobora gusaba ubwo bufasha, harimwo amakuru yanditse canke yo gusobanura amakuru agenewe bose mu mvugo. Ibi bikorwa ni ivyo kugira imiryango yisanzure mu kwifatanya n-abandi mu nama n-imibonano kugira ngo baheze bafate imyanzuro ibereye mu bijanye n-amashure y-abana babo. Imiryango ibona ubufasha mu ndimi ku buntu. Kugirango mubone ubwo bufasha, musabwa kubisaba mu biro vy-ishure abana banyu bigamo imbere y-igihe.

Impungenge z-Abavyeyi/Abarezi

Mu gukemura ibibazo abavyeyi/abarezi baba bafite, dushira imbere umwumvikano ku rwego rw-aho ikibazo caturutse turondera kubona ibisubizo ndetse tukanaha umwana umukozi ngo asubize kuri ivyo bibazo. Hano musubiza dutanga insiguro y-intambwe dukora mu gukemura ibibazo:

1. Niba ibibazo bireba umwana, witwaga umwigisha mubiganireho. Inama z-abavyeyi n-abigisha ni imwe mu nzira zo gukemura ibibazo. Byinshi mu bibazo duhura navyo birakemurwa muri iyi nzira.
2. Niba ingorane zikomeje, usabwa guhitamo ubitwaga ubuyobozi bw-Ishure.

3. Umuyobozi w-Ishure adashoboye gukemura ikibazo, mwuzuza urupapuro rusigura ko mufite ikibazo (ikete KE-E rigenga Igisata Ndongora-Karere). Muhamagare 623) 237-7133 canke muje ku biro.
4. Mushobora kwandikira Ibiro Bijewe Abanyeshure. Imboneza nyenizina y-umukuru w-ishure canke userukira Ibiro Bijewe Abanyeshure mu Biro Bikuru vy-Amashure Abanza ya Glendale abonye ko ari ikibazo gifashe ahita atangura itohoza mu ntumbero yo gutorera umuti burundu w-ikibazo kihari.
5. Umuyobozi w-Ishure canke Ibiro Bijewe Abanyeshure azoheza asubize umuvyeyi amumenyesha ko ikibazo catohojwe kandi igisubizo categuwe.
6. Niba ikibazo kitashoboye gukemurwa, Ibiro Bijewe Abanyeshure bihita bishikiriza izo ngorane umufasha w-Umuyobozi mukuru ashinzwe Amagara n-Umutekano mu Mashure mbere y-uko gishikirizwa uwo Umuyobozi mukuru. Bibaye ngombwa bimenyeshwa Inama Mboneza y-Akarere.

Ikibazo cose gishikirijwe Umuyobozi Mukuru w-Akarere canke Inama Mboneza kitaciye mu nzego zo hasi gihita gisubizwa kwa Mwigisha canke Umuyobozi w-Ishure. Dukurikije izi ntambwe zo kwumvikana kandi tukabigendera, dushobora gufashanya kugira ngo mu mashure harangwe umwuka mwiza, hari mwo inyungu, kandi bigafasha umwana kwiga neza.

Uburenganzira bw-Abavyeyi Kumenya

Amashure Abanza ya Glendale afise abigisha beza bakorana n-umwana wawe. Abigisha bacu tubashakira muri programa ihugura abigisha muri Arizona no mu gihugu cyose. Abigisha bose ba Glendale bitabira amahugurwa ahoraho y-iterambere ry-umwuga kugirango bakomeze ubumenyi bwabo hamwe n-ubushobozi bwo gutegura no gutanga inyigisho nziza. Glendale irishimiye iterambere n-ingene abanyeshure batsinda, ivyo bikaba ari ivyerekana ko abigisha bacu bakunda umwuga wabo kandi bahuguwe cane. Nk-umubyeyi/Umurezi w-umunyeshuri mu Karere ka Glendale, ufite uburenganzira bwo kumenya impamyabumenyi abigisha b-umwana wawe bafite. Amategako ya Leta Zunze Ubumwe araguha uburenganzira bwo kubaza ibijanye n-abigisha b-umwana wawe, natwe tugategerezwa kuyaguhya bitarinze gutinda mu gihe uyasavye.

Ufite uburenganzira bwo kubaza amakuru yerekana impamyabumenyi n-ibindi bijanye n-amashure buri mwigisha w'umwana wawe yize:

Nimba umwigisha w-umwana wawe ---

- afise impamyabushobozi yemewe na Leta hamwe n-uburenganzira bwo kwigisha ishure n-ivyigwa umwigisha agomba kwigisha;
- is teaching under emergency or other provisional status through which State qualification or licensing criteria have been waived; and is teaching in the field of discipline of the certification of the teacher.

Akarere ka Glendale kishimiye ubuhanga bw-abayobozi, abigisha, n'abakozi bose kugirango duhore dutanga uburezi bwiza ku banyeshuri bacu bose. Ushaka kuronka amakuru kuri ibi tumaze gusobanura hano hejuru, ushobora guhamagara uhagarariye Igisata kijejwe abakozi kuri 623-237-7100.

Inama z-Abavyeyi n-Abigisha

Amashirahamwe y-abavyeyi n-abigisha ni ingenzi ku bana banyu. Baganiriramwo inyigisho, ingorane, ingene abana bokwiga neza kurusha. Musabwe kwitabira ayo mashirahamwe y-Abigisha-n-Abavyeyi kuko mumenya amakuru mugakomeza ubucuti hagati y-Abakuze-n-Abana. Izo nama ziba nibura kabiri mu mwaka. Inama zisanze ni buri gice c-umwaka, canke igihe cose mushaka kuganira n-abigisha. Mwumvikana umwnaya canke mugasaba ko umwigisha abahamagara.

Amashirahamwe y-Abavyeyi n-Abigisha

Amashure yose afite amashirahamwe y-abavyeyi n-abigisha (urugero PTA, PTO, PTSA). Baganiriramwo vyose hamwe na Programa z-Amashure. Ayo mashirahamwe niyo atunganya ibikorwa bijewe abagiraneza, amafaranga n-imanza. Tubasabye ko mwokwitabira ayo mashirahamwe y-Abigisha-n-Abavyeyi kuko nibwo buryo mumenya amakuru yo mw-ishure no gukomeza ubucuti hagati y-Abakuze-n-Abana.

Urubuga Murikira-Bavyeyi

Ababyeyi / abarezi barashobora kureba ibikorwa, amanota, guhura n-abigisha, amakuru y-ishure, binyuze ku murongo mbika-makuru ParentVUE, urubuga rwo ku matelefone ngendanwa. Ni urubuga rufasha kumenya ingene umwana ari kwiga buri musi. Musabwe rero kwugurura umurongo wa ParentVue hanyuma ukabona uburyo bwo gukurikirana amakuru y-ishure ku mwana wawe. Mu gihe udashoboye kwiugururira uwo murongo, usabwe kwitura ishure ry-umwana wawe kugirango bagufashe gutunganya uwo murongo mbika-makuru.

Itegeko I Rigenga Uruhara rw-Ababyeyi/Abarezi

Amashure Abanza ya Glendale yipfuzaga kukorana n-abavyeyi kandi akabaha agaciro mu gukorana n-abakozi bose, abanyeshure, Abigisha n-abayobozi. Buri shure rizashyiraho gahunda yo guha Abavyeyi uburyo bwo kwifatanya n-abandi bavyeyi, abarimu, abanyeshuri n-abayobozi mu gutanga ibitekerezo. Iyo gahunda yerekana uburyo abavyeyi bazohabwaga amakuru mu mwanya uhagije ku bijanye n-ihana-makuru, imyirondoro y-ivyo ishure rikora, amanita bazoba baronse bakoze ibizami, insobanuro z-ingene ivyigwa bitegekanijwe, uburyo n-umwanya bashobora kwitaba amanama, bakongera bakaronka inyishu z-ibibazo bazoba bashikirije kandi mu mwanya muto ushoboka.

INYIGISHO Z-ABANA ZIDASANZWE

Insiguro y-Amashure Adasanzwe

Akarere k-Amashure Abanza ya Glendale ryariyemeje kwigisha abana hakurikijwe inyigisho ibereye buri mwana. Ku banyeshure bamwe na bamwe, guterwa inkunga mu mashure birakenewe biciye mu ma programa n-ibikorwa vyagenewe mwen-ayo mashure. Iki gice lero gisigura ibijanye n-amaprograma adasanzwe yo gutera inkunga abana baba babikeneye.

Abana Bagendana Ubumuga

Segisiyo 504 ni itegeko ryihaniza ivangura rireba abantu bafite ubumuga mu maprograma yose akoresha umutungo wa Intara. Iri tegeko rirasigura umuntu afise ubumuga uwo ari we: uwo wese afite ingorane zo mu mutwe canke ku mubiri zituma atishobora ibikorwa vyose vya buri musi harimwo kwikorera ivyangombwa, gukoresha amaboko, kubona, kwumva, gufungura, gusinzira, kugendagenda, guhagarara, guterura, kwunama, kuvuga, guhema, kwiga, gusoma, kwiyumvira, kugira umwete, kuganira, be no gukora. Iri tegeko risaba Amashure kumenya abo banyeshure, kumenya neza aho bageza mu bushobozi bwabo, hanyuma bakabaha programa yo kubatera inkunga ku buntu iyo babonye ko babifitiye uburenganzira. Ibiro Bijejwe Ibikorwa NtunganirizAmashure vyarategekanije agatabo karimwo uburenganzira bw-abavyeyi. Hari ikete ku bijanye n-iyi programa, mu biro ku murongo wa Telefone nimeru (623) 237-7133.

Programa Ivuza Abana Bagendana Ubumuga

Akarere k-Amashure Abanza ya Glendale karahabwaga uburyo bwo n-Ibiro Bijejwe kwitaho amagara y-abana bwo gufasha mu nteguro idasanzwe ya buri mwana akeneye guterwa inkunga biciye mu Biro Ntungamagara vya Arizona, AHCCCS. Urugero rw-ivyo ivyo biro bifashisha abana ni kumwigisha kuvuga, ubuzima bwa misis yose, gutwara umwana ku ishure, no kubona umuforoma.

Abavyeyi si ngombwa ngo biyandikishe muri rwa rwego rwa Reta kwitaho amagara y-abantu AHCCCS kugirango umwana bamutegurire inyigisho zimubereye kandi ku buntu, canke ngo basabe umuvyeyi

kwitangira amadolari we nyene yo kwigisha umwana. Akarere k-Amashure karashobora kwishuza igisata ca Reta kijejwe kuvuza umwana n-aho abavyeyi batoba bavyemeye ariko nta ngaruka na ntoyi bigira ku mwana canke ku muvyeyi wiwe. Gutanga uruhusha canke kwanka ni uburenganzira bw-umuvyeyi kandi umuvyeyi ashobora kwisubirako igihe cose abishakiye. Umuvyeyi aramutse ahakanye gutanga uruhusha ntibihiza ngo bisubire inyuma y-aho yankiye canke ngo birore imbere mu misi ikurikira igihe atanze canke ahakaniye uruhusha ({300.154}). Ni mwagira ivyo mubaza mwotera akamo Igisata c-Ivigwa Nterankunga mu Karere k-Amashure matomato yo muri Glendale ku numero (623) 237-7148.

Imfashanyo y-Abana Bagendana Ubumuga

Amashure yo mu Karere arafise uburyo bwo gufashisha umwana ibimuranga mu gihe afise ingorane z-ubumuga bwo ku mubiri, mu mutwe, kutavuga ivyumvikana, guhababuka canke iyo atacyo yifasha. Niba umwana wawe yoba afise ingorane nk-izo, bibwire Umwigisha w-umwana wawe canke abakuru b-ishure. Abana bakivuka gushika ku kiburamwaka, ishure riruzura impapuro rikazirungikira ibiro vy-amashure Ntegurirantango. Ku bana bakivuka gushika mu myaka itatu, Ishure Ntegurirantango rizosuzuma umwana. Abana bazoba bari mu murwi wo gufashwa bazabona imfashanyo. Ku bana bageze mu myaka y-amashure y-abana bakuze, Umwigisha araheza akuzura impapuro zo gusuzuma umwana hatararenga imisi 45 kuva umwana yanditswe mw-ishure. Biramutse bigaragaye ko umwana afise ingorane, Ubuyobozi bw-ishure buzoca bufata ingingo zo gufasha uwo mwana. Umuvyeyi canke Umwigisha araheza agasaba Umurwi wo Kwihweza Umwana (CST) gukomeza bihweza ingene umwana ameze muri uwo mwaka. Bibaye ngombwa, abavyeyi basabwa uruhusha ngo umwana asuzumwe. Umurwi w-Ishure hari mwo n-Umuvyeyi w-umwana baraheza bakihweza raporo y-umwana kugirango barabe ko ari mubakwiye imfashanyo.

Kwigisha Ku Buntu Abana Bafite Ubumuga

Nimba wibaza ko umwana wawe yoba akeneye imfashanyo idasanze kubera ubumuga bwo mu mubiri, bwo mu mutwe canke bwo guhahamuka, uraheza rero ubiganire na Mwigisha wiwe canke Umuyobozi w-Ishure. Ishure ryose riba rifise umurwi wihweza imfashanyo idasanze yihweza ivyo abanyeshure baba bakeneye, bagafasha umunyeshure bakanamuronderera abahinga b-ikibazo aba afise, be n-abigisha. Amaprograma adasanze y-abana bafise ingorane ashobora kuba amashure yigenga, ibikoresho vya ngombwa kuri mwene abo bana hamwe n-ibindi bikorwa bifasha abo bana. Abana bafise ubumuga bukomwe cane barafise bafite uburenganzira bwo kwigishwa kuva bavutse kugeza ku myaka 22. Amategeko arategukanya uburyo bwo kugirango ibisabwa bije mu ngiro. Ni wakenera gusobanura, urahamagara kuri (623) 237-7148. Nimba wibaza ko umwana wawe yoba akeneye imfashanyo idasanze kubera ubumuga bwo mu mubiri, bwo mu mutwe canke bwo guhahamuka, uraheza rero ubiganire na Mwigisha wiwe canke Umuyobozi w-Ishure, canke uhamagare ishure gitamwaka muganire izo ngorane. Ishure ryose riba rifise umurwi wihweza imfashanyo idasanze yihweza ivyo abanyeshure baba bakeneye, bagafasha umunyeshure bakanamuronderera abahinga b-ikibazo aba afise, be n-abigisha. Amaprograma adasanze y-abana bafise ingorane ashobora kuba amashure yigenga, ibikoresho vya ngombwa kuri mwene abo bana hamwe n-ibindi bikorwa bifasha abo bana. Abana bafise ubumuga bukomwe cane barafise aho bigira hari ivyuma mu mashure. Amashure arongeraga agafasha abana baja mu mashure y-Abikorera utwabo hamwe n-amashuri ya za Paruwasi. Ni wakenera gusobanura, urahamagara Umunyamabanga w-Ibiro bijejwe Amashure Y-Abagendana Ubumuga kuri (623) 237-7148.

Amashure y-Abana barusha abandi ubwenge

Akarere ka Glendale karitaho gufasha abanyeshure kuba abanyabwenge uko bashoboye. Ni co gituma hariho amashure abana basumvya abandi ubwenge babigishiriza mwo. Ivyigwa muri ayo mashure biba bigoye kurusha ayandi mashure, hakurikijwe amategeko ya Arizona. Mufise ibibazo murhamagara ujejwe ivyo vyigwa mu biro bikuru vy-Akarere kuri (623) 237-7224, canke muhamagare Umuyobozi w-Ishure canke Umwigisha w-umwana kw-ishure.

Kutavangura Abana Kuja Gutembera Bari Kwigu

Ikigabane ca 504 c-Itegeko Nterankunga hamwe n-ibigenga iryo tegeko kirabuza ko abana bafise ubumuga bakumirwa. Ibi bisigura y-uko Ishure ribwirizwa kwitaho abana bafise ubumuga nk-uko ryitaho abana basanzwe nta bumuga bafite. Ico kigabane ca 504 kirasigura neza ingene amashure agomba kwitaho abana bafise ubumuga. Ku murongo wa 34 CFR 104.34 w-ico kigabane 504, havuga ko kutavangura bisigura ko abana bafise ubumuga bagomba kwigishwa no gufashwa nk-abandi bose batagendana ubumuga. Mu vyo abo bana bafise ubumuga bagomba kubona hari mwo kwemeregwa kuja gutembera aho bigira nk-abandi bana bose. Akarere k-Amashure ntigashobora kubuza canke kwankira umwana afise ubumuga kuronka ivyo vyose ishure riha abanda bana kishimikije ko umwana afise ubumuga adakwiye kuronka ivyo abanda bana badafise ubumuga baronka.

Akarere gasabwa kwitwararika ko abana bafise ubumuga baterwa inkunga muri ico cose abanda bana baronka, haba mu vyigwa vyo mw-ishure canke mu bindi bikorwa vyo ku ishure vyose, harimwo kurekurirwa kujana n-abandi bana gutembera, ku buryo ivyo vyose abanda bana babona nabo babibone atakuvangura biciye ku vyitwazo vy-uko abo bana bagendana ubumuga. Akarere kahomba Gukora ibishoboka vyose kugirango korohereze abana bagendana ubumuga bibaye ngombwa bakabafashisha ibikoresho bakeneye kugirango biborohere kuba bari kumwe n-abandi bana haba mw-ishure risanzwe canke haba mu bindi bikorwa vyose abanyeshure bagiramwo uruhara rujanywe no kwiga. Nta kintu na kimwe akarere kugira icitwazo co kudafasha abo bana. Ni mwaba hari ico musiguza, mwohamagara Umuyobozi ajejwe Abanyeshure n-Abavyeyi kuri 623-237-7133.

Programa z-Intango

Amaprograma y-Intango ni ay-abana b-imyaka 3 kugeza 5 kw-Ishure Desert Garden. Programa z-ayo mashure zireba ingene umwana akura, kandi bakamenya ko abana bo muri icyo myaka baba bisangije ingene bakeneye kwitabwaho. Abakozi b-umutima, bitaho abana, kandi b-abahanga mu kwigisha abana niba babarizwa mu mashure y-Intango mu Karere. Kugira mumenye izo programa, hamagara kuri:

Ishure Desert Garden	(623) 237-5404
Abimukira	(623)237-7162
Ibiro Nterankunga Mu mashure Shingiro	(623) 486-9868

INGESO Z-ABANYESHURE

Insiguro y-Ingeso z-Abanyeshure

Akarere k-Amashure Abanza ya Glendale karitayeho cane gufasha buri munyeshure kwiga mu mutekano no kwishimira ishure. Kubera izi mvo, Iburo NserukirAkarere basabwa gusobanura inyifato nk-izo kugirango bazihanize bakoresheje ingingo zibereye n-ibihano bijanywe n-inyifato mbi ya buri munyeshure kugira bifashe abanyeshure bose kwiga neza. Bitwara neza kandi mu mutekano kuri bose. Iburo NserukirAkarere mu mashure abanza ya Glendale bahimiriza abakozi bose kugendera amategeko no kuyubahiriza buri gihe bibaye ngombwa kandi kuri bose kugirango Amashure agumane umwuka mwiza ufasha abana kwiga neza.

Dukurikije amategeko ya Arizona, Ibiro NserukirAkarere birafite uburenganzira bwo guha ububasha abayobozi b-Amashure guha igihano umunyeshure, mu gihe (1) umunyeshure ari mu kigo c-ishure, canke yitabiriye ibirori biri kubera muri ico kigo; (2) ari kugenda ku ishure canke avuyeyo canke aja/ava mu birori bihagarikiwe n-ishure; (3) ishure ryo mu kandi karere ryaramuhagaritse canke ryaramwirukanye kubera yakoze amakosa yo kutitwara neza mu mwanya w-ibirori bihagarikiwe n-ako karere; (4) yakoze amakosa yo kwitwara nabi muzinda nyifato zijanye n-Amashure canke zibangamira umutekano w-Amashure ayo ariyoyose; canke (5) yamennye ikigo c-ishure akiba mu gihe c-ubuhuko canke nyuma y-amasaha y-ishure. Amategeko arabuza abanyeshure kugira inyifato yose yonona, ikabangamira inyigisho n-akazi mu mashure. Ibiro NserukirAkarere JIC zirihaniza ico cose kibangamira amagara canke umutekano w-abandi

Ibitegekanijwe mu Kwigisha Abana Bagoye

Iyo bigaragara ko umwana afite ibibazo vyo kwitwara neza canke afite ubumuga bwo kugorana bikabije bikaba bitamufasha kwitinda mu ishure asanzwe yigamwo, abayobozi b-ishure barafite gushakira umwana ikindi kibanza canke irindi shure bishimikije itegeko A.R. S.15-841 rya Intara ya Arizona.

Gukandamiza Abandi Banyeshure

Amashure y-Akarere ka Glendale aharanira guteza imbere indero izira agacinyizwa canke igitsure ku munyeshure wese. Akarere ka Glendale karashizeho ibwirizwa yuko umuntu wese azoba yacinyijwe canke akabona ko hari uwo babikoreye, asabwe kubishikiriza abategetsi b-ishure, abakozi, abagiranze canke abakozi. Amashure yarategakanirije uburyo abanyeshure abavyeyi n-abigisha bwo kumenyesha abategetsi uwakorewe agacinyizwa kugirango batangure kubitohoza, bafate ingingo z-ibihano no kubihagarika kugirango ntibibandanye. (Ingingo za A.R.S. § 15-341). Ni vyaba biboneka ko ako gacinyizwa gashobora canke gutuma umuntu akomereka canke ibintu bikononekara, ibihano bihambaye bica bifatwa hakurikijwe amategeko mpanavyaha ya Arizona (A.R.S. § 13-2911).

Umurwi Ndongozi w-Akarere k-Amashure matomato (Itegeko Rigenga Abarongozi JICK-EB) baremeza neza ko ari uburenganzira bwa buri munyeshure kwiga neza mu mutekano ata wumurya umutima, canke ngo amuturubike. Umurwi Ndongozi kandi uremeza neza ko ishure ritekanye rituma umunyeshure yiga neza akamenya, akaba umuhanga mu bwenge, kandi akongera agakurana umutima w-ubwira. Umurwi Ndongozi kandi uremera ko amashure akurikiza iyo migenzo myiza biheza bigafasha abanyeshure gutera imbere, bakingera bagakurana umutima wo gufasha abandi mu kibano iwabo. Kugira ngo amashure ashike ku vyo ubuyobozi bwemera, agacinyizwa, kurya umutima abandi no kubaturubika birabujijwe.

Gucinyiza: agacinyizwa ni mu gihe umunyeshure canke umurwi w-abanyeshure bifatiye mu gahanga uwundi munyeshure:

- A. biboneka ko ahakwa gukomereka canke bakamwononera ivyiwe
- B. bikaba bikomeye ku buryo abamuturubika bamuhigira, bagahakwa no kumubabaza ku mubiri no ku mutima
- C. bigashika kubera abamurya umutima bamurusha inguvu
- D. kandi bakaba bariko bararenga amategeko.

Kurya umutima umunyeshure canke umurwi w-abanyeshure birashobora kwibonekeza mu nyandiko, mu mvugo no mu ngiro, canke mu guturubika hanyuma bikiserura mu buryo bwinshi atari ibikurikira gusa:

- A. imvugo, inyandiko/ibicapu bityoza umuntu, kumwiba utwiwe, kumuzimba, kumwita amazina y-ibitutsi, canke kumwambika ibara babicishije ku bandi bantú canke mu vyuma ngurukana-makuru
- B. gukumira umuntu canke kumutera icyi c-uko abandi bamwinuba
- C. kumusindira hari mwo kumusunagura, kumukubita, kumutera imigere, kumucira ko amate
- D. kumwononera utwiwe canke bakatumusahura.

Guturubika bakoresheje ivyuma ntumamakuru: Harimwo ibi bikurikira ariko si ibi gusa, gukoresha uburyo ubwo ari bwo bwose bwo mu vyuma vya none, ivyuma ngurukana-makuru harimwo n-intumamakuru

ngendanwa, ivyuma mbikamakuru, imirwi ntumamakuru, ivyuma vyo kw-ishure, mu mirwi nsabikanya bumenyi, amazina, canke ibindi vyuma vyo mu mashure yo mu Karere, canke ivyuma bwite vy-umuntu.

Kuzigiriza umuntu: ni ingendo mbi y-umunyeshure canke akarwi k-abanyeshure itera ubwoba canke idahumuriza uwundi munyeshure canke umurwi w-abanyeshure. Ingendo mwen-iyo irimwo ariko si ibi gusa, gutukana, gusunagurana, gukumira, kwita umuntu amazina y-ibitutsi, kwegera umuntu atabishaka canke ukamuvugisha atabikeneye, mu mvugo canke mu nyandiko, mu gukoresha ibicapo n-amafoto. Kuzigiriza umuntu bishobora guca mu bwoko, mu madini, mu bitsina, mu migenzo kama, mu vyo umuntu atunze, ingene angana, ariko si ivyo gusa. Kuzigiriza umuntu bashobora kubikora imboanya canke bakabacisha mu vyuma.

Gutera ubwoba: bishobora kwibonekeza ku kugene umuntu vyamushegeshe, canke bikabonekera ku mubiri. Bashobora kandi kubikorera mu vyuma ntumamakuru kugira bababaze uwundi munyeshure canke umurwi w-abanyeshure.

Birabujijwe ko abanyeshure baturubika abandi canke ngo babaterer ubwoba, canke ngo babarye umutima, haba kw-ishure, aho bigira, aho bakinira, mu nyubakwa izo arizo zose z-ishure, mu miduga y-ishure, mu mwanya w-ibikorwa vy-ishure, ku bituro vya bisis z-ishure, canke mu mwnaya wo gukoresha ivyuma ntumamakuru vy-ishure, mu nama z-ishure canke mu rutonde ntumamakete. Abarya umutima abandi bashobora gufatirwa ibihano ku vyo bazoba bakoze mu gihe bigize ingaruka mbi k-ubo babikoreye, zaba ku magara yiwe canke mu mutima, aho boba babikoreye hose, ku mashure, mu miduga y-ishure n-ibituro vyayo, mu bikorwa vy-ishure, canke bihanze umukozi wishure ariko aracungera umutekano. Abazoba bakoze ivyo bibi vyose bazoheza bashikirizwe abashinzwe kwubahiriza umutekano muri ako karere.

Abanyeshure bibaza ko bariko baracinyizwa, baribwa umutima canke baturubikwa, canke boba bazi uwundi munyeshure ariko arahoterwa, boca babimenyesha umukozi uwoariwe wese kw-ishure canke mu biro bikuru vy-Akarere k-Amashure. Abakozi ko ku mashure basabwa kugumya mw-ibanga ivyo babariwe. Kwihora umunyeshure yavuze ko acinyizwa canke kwihora umukozi aba yaburiwe ko hari umunyeshure aribwa umutima, ntibashobora kuvyihanganira na gato, abao bakozi canke abanyeshure bihora baca bahabwa ibihano hakurikijwe amategeko agenga akarere. Abanyeshure nabo bacinyiza abandi bazohabwa ibihano, mbere no mw-ishure bahagarikwe canke birukanwe.

Uwo wese azotanga raporo y-ibinyoma akabigira abizi (turabiye kw-itegeko ry-Umugwi Nyobozi JICK) azohabwa igihano co guhagarikwa mw-ishure mbere bibaye ngombwa bamwirukane burundu. Mu gihe bizoba bigaragara ko ingingo ifatwa, hazokurikizwa amategeko agenga ibihano hano mu Karere.

Mu gihe Akarere k-Amashure gafise ivyemeza ko hari abanyeshure barenze amategeko bagatera ubwoba abandi, bakabacinyiza canke bakabaturubika, inyamiramabi nizo akarere kazokwikorako.

Uburenganzira bw-Abanyeshure

Abanyeshure bagirizwa amakosa bagahabwa ibihano bashobora kwikora ku burenganzira bwabo:

- Kubarirwa amakosa bakoze, ibimenyetso bigaragaza amakosa yakozwe n-ibihano bihura n-amakosa hamwe n-inkurikizi y-ivyo vyose mu gihe basanze amakosa ari ay-ukuri
- Kwihweza neza ivyo umunyeshure bamawagiriza bakamuha n-umwanya wo kwumvirizwa kandi yisigura ivyo bamwagiriza
- Gufatirwa ingingo zikwiranye n-amakosa yakozwe kandi zitabogamye

Ivyitonderwa: Amategeko ya Intara ya Amerika ntiyemerera Amashure kubwira abavyeyi b-abandi banyeshure izina ry-umunyeshure yakoze amakosa n-ibihano yahawe.

Ibikoresho bya elegitoroniki

Kugeza ubu kuvugurura politiki yibikoresho bya elegitoronike mugusubiza impinduka ziherutse kuba. Isubiramo rimaze kurangira, ishuri ryanyu rizohereza politiki ivuguruye kandi rizashyirwa kurubuga rwa GESD.

Ivyokorwa iyo Umunyeshure Yarenganijwe

Kw-Itegeko Nyobozi (JII-EB) abanyeshure bashobora kwitwara ku bijanye n-ibi bikurikira:

- Guhonyanga uburenganzira abanyeshure bahabwa n-amategeko
- Kwankira umunyeshure ko yiyandikisha mu bikorwa bijanye n-ishure kandi abifitiye uburenganzira nk-abandi banyeshure
- Kwankira umunyeshure uburenganzira bwiwe kubera impamvu zifatye ku bwoko, urukoba, ishengero, igitsina, imyaka, amamuko, canke ubumuga ngendanwa
- Impungenge z-umutekano w-umunyeshure

Ibirego vyose bijanye n-ukurenganya, ugucinyiza, uguhohotera umunyeshure bitegerezwa kwihwezwa bakurikije itegeko JICK ry-Akarere. (Kubera ko ibibazo bimwe na bimwe usanga bitajanye n-indero y-umushure, umurwi Ndongezi w-Akarere k-amashure yo muri Glendale baca bakoresha amategeko agenga ibijanye n-ivyo bafitiye uburenganzira, ibindi navyo bakabirekera ababifitiye ububasha.) Ingingo rero zikurikizwa ni izi:

- Ukwitwara bisaba ko umunyeshure abikora mu misi itarenze 30 kuva igihe umunyeshure amenyeye ko yarenganijwe/canke ko ashobora kwitwara
- Ukwitwara bizoshikirizwa umuyobozi w-Ishure canke umukozi w-Ishure abifitiye ububasha
- Nyene guturwa ibirego aca yegeranya ibirego kugira avyandike ku rupapuro rugenewe ibirego
- Ibirego vyose bavyandika ku mpapuro zibigenewe kandi ikirego kimwe kimwe kigasobanurwa neza nk-uko Umukuru w-Akarere yabitegekanije (impapuro zandikwako ibirego ziri mu biro vy-ishure)
- Umuntu wewe ashikirijwe ibirego ategerezwa kubigumiza mw-ibanga, akabishikiriza gusa umukuru w-Ishure canke uwumukurira mu burongozi canke bagashikiriza ibirego bisunze uko amategeko abisaba.
- Itohoza rimaze kurangira, uko ikivuyemo cose kizaba kimeze, umukuru w-Ishure canke intumwa yiwe araheza akabonana n-umunyeshure azaba yitwaye avuga ko yahohotewe, canke ko yacinyijwe canke ko bamuriye umutima bamutera ubwoba kugira barebe hamwe ivyavuye mu matohoza. Ikindi n-uko abavyeyi canke abarezi b-uwo munyeshure bazaheza bakabamenyesha ivyavuye mu matohoza.

Umukuru w-Akarere ni we wenyene afise uburenganzira bwo kwemeza ko ibirego biri mu vyo akarere gafitiye uburenganzira bwo gutorera umuti. Umunyeshure canke umuyeyi/Umurezi barafise uburenganzira bwo gushikiriza ibirego bakoresheje urupapuro JII-EA. Abitwaye barafise uburenganzira bwo guheba ibirego igihe cose babishatse. Mu gihe ibirego babihaye, ntibaheza ngo basubire kubishikiriza ikiringo c-imisi 30 kimaze kurenga kuva ivyo bitwarira bibaye. Ibirego bidafise ishingiro canke ikivuye ntibiharurwa. Kwihora canke gutera ubwoba umunyeshure kubera yitwaye, canke kubera umunyeshure yabaye icabona c-uwitwaye, canke yafashije mu buryo ubwo ari bwo bwose mu matohoza y-ibirego vyashikirijwe ubwa mbere, haca hugururwa irindi tohoza ku bihoye hakurikijwe amategeko yo mu Karere k-Amashure.

Umunyeshure azoramuka yitwaye ku bintu bidafise ishingiro canke ku binyoma azohabwa igihano co guhagarikwa canke kwirukanwa. Mu gihe umunyeshure afatiye ibihano, amategeko y-Akarere k-Amashure niyo aheza agakurikizwa.

Mu gihe abakuru b-Akarere basanze ibirego ari ivy-ukuri canke bafise ivyemeza ko ibirego vyerekana ko bene kwitwarirwa barenze amategeko, abakuru b-Akarere baca babimenyesha abashinzwe umutekano.

Ibihano Bihabwa Umunyeshure Yitwaye Nabi

Urutonde rw-ingene umunyeshure ahanwa dukuriki ivyaha bimwagira ni uru rukurikira, ariko ibihano ntibigarukira aha:

- Userukira Ishure (canke abigisha, abahanuzi) arashobora gukebura umunyeshure ku nyifato nziza
- Umuyobozi ashobora guhanura umunyeshuli
- Abavyeyi baganira n-abayobozi kuri telefone, ikete, kuri ngurukana makuru, amaso mu yandi
- Gukura umunyeshure mw-ishure vy-agateganyo
- Igihano co kw-ishure (imber, inyuma y-amasaha y-ivyigwa canke mu mwanya wo gufungura) biturutse ku mpamvu zigaragara
- Gutegekanya igihano kijanye n-icaha cakoze. Bivuga ko umukuru w-ikigo araraba igihano gikwiranye n-icaha cakoze canke akima umunyeshure uburenganzira yari afite kubera yakosheje.
- Guhagarikwa kugendera muri bisi y-ishure (Raba mu gice co kwunguruza abanyeshure i page ya 28)
- Umunyeshure aguma kw-ishure ariko bakamukura mw-isomero, bakurikije ibihano, bakamucungisha umukozi wo kw-ishure. Umunyeshure baca bamuka ivyo akorera aho bamurindirije.
- Umunyeshure arirukanwa kw-ishure imisi iri hagati ya 1 na 10 hakurikijwe amategako hanyuma abavyeyi bakaba ari bo baheza bakamwishinga.
 - o Umukuru w-Ishure canke umusubirizi wiwe arafise uburenganzira bwo gutanga igihano c-imisi itarenze 10 hakurikijwe amategako; inama Nyobozi y-Akarere canke Amategako y-Intara ya Arizona JKD ntaco babivugako (igihano nk-ico ni ntasubirwamwo) o Umunyeshure aramutse ahawe igihano co kwirukanwa vy-agateganyo ntashobora kugaruka kw-ishure canke ngo yegere aho ibikorwa vy-Akarere ivyo ari vyo vyose biriko birabera. Agarutse baca bamwitwarira nk-inkozi y-ikibi kandi yarenze akarimbi.
- Igihano kirekire bisigura ko ari ukwirukanwa (imisi 10 canke irenga) umuyobozi w-ishure aca abimenyesha Umukuru w-Akarere k-Amashure Abanza.
 - o uwo mukuru w-Akarere canke intumwa yiwe nawe akabanza akiga ico kibazo. Bibaye ngombwa akagitura Umurwi Nserukira Karere ngo bagene umunyamategeko wo kwicarira ico kibazo
 - o mu kiringo igihano co kwirukanwa kimara, umunyeshure yirikanywe nta burenganzira afise bwo kugaruka kw-ishure na rimwe ryo mu Karere ka Glendale. Agarutse baca bamwitwarira nk-inkozi y-ikibi kandi yarenze akarimbi.
- Kwirukanwa burundu: umunyeshure ntiyemerewe kugaruka mu mashure mato ya Glendale

Abanyeshure bo mu Gitamwaka kugeza mu wa Kane Birukanywe canke Bahagaritswe Kwirukana canke guhagarika abanyeshure bo mu Gitamwaka gushika mu wa kane bitegeretswa kugengwa n-itegeko A.R.S. 15-843, mu gace karyo K.

Guhagarika – Kwirukana Abagendana Ubumuga

Abanyeshure bari mu mugambi 504 canke baterwa inkunga bategerezwa gukurikiza amategako y-Amashure n-abandi bese. Barenze amategako, ingene bahagarikwa canke birukanwa vyisunga amategakoya Intara ya Arizona n-intambwe zisiguwe mu cegeranyo citwa IDEA.

Itegeko IX ryihaniza ivangura-bitsina

Iri tegeko rigenga uburenganzira mu mashure aronka imfashanyo ya Leta Zunze Ubumwe. Rikingira abanyeshure mu burenganzira bwo kudakumirwa mu mashure ya Leta. Ni mwashaka insiguro y-iri tegeko n-ingene mushobora kurikoresha, mubisanga ku rubuga rw-Akarere k-Amashure ya Glendale. Ibirego vyose mugomba kuvyerekeza Ku Muyobozi w-Itegeko IX kuri Telefone (623) 237-7133 canke ku ntuma-makuru TitleIX@gcsd40.org.

UBUGABA N-IBIHANO BITEGEKANIJWE

Ivyaha n-Insiguro Ku Ibisobanuro Ku Ihohoterwa mu Gisata Gishinzwe Uburezi muri Arizona (ADE)

ICAHA	INSIGURO
Gusindira umuntu	Ni ugukoresha ikirwanisho canke icuma gikomeretsa nk-uko amategeko avyiyamiriza (<i>Ref. A.R.S. 13-1204</i>)

Kurenga amategeko agenga inzoga	Gukora, kugurisha, kugura, gutwara no gutunga canke kunywa ibinyobwa nyayuramutwe canke ibindi bintu nka vyo; aha haromwo kubororwa mu kigo c-ishure, mu bikorwa vy-ishure canke mu miduga y-ishure (<i>Biri mw-itegeko JIC</i>).
Kwibisha ibirwanisho	Umuntu yitwa ko yivye akoresheje ikirwanisho mu gihe co mukwiba uwo muntu canke uwo bafashanije: 1. Yakoreshe ikirwanisho cica canke gisa n-ikirwanisho cica; 2. Akoresheje canke ahiga gukoresha ikirwanisho cica canke gisa n-ikirwanisho cica (<i>Biri mw-itegeko A.R.S. 13-1904</i>)
Guturira inzu canke ikigo	Gusambura inzu canke kwonona ikigo n-ibigirankana kandi ukarenga amategeko uyazi mu gukoresha umuriro canke ibi ciramuriro (<i>Ref. A.R.S. 13-1703</i>).
Guturira inzu irimwo abantu	Gusambura inzu canke kwonona ikigo n-ibigirankana kandi ukarenga amategeko uyazi mu gukoresha umuriro canke ibi ciramuriro (<i>Ref. A.R.S. 13-1704 & A.R.S. 13-1701</i>)
Gusindira umuntu	Gukomeretsa umuntu n-ibigirankana, kumukomeretsa, kumutuka, kumusomborotsa canke kumubabaza. (<i>Ref. A.R.S. 13-1203</i>)
Iterabwoba ukoresheje Karahabutaka	Guhigira umuntu ko umutera canke ukamukomeretsa ukoresheje ibiciramuriro. (<i>Biri mw-itegeko JK-EE</i>)
Kunokeza abandi	Kunokeza ni mu gihe abanyeshure bisubiriza mu gucinyiza abandi kugirango babereke ko babarusha inguvu. Gucinyiza abandi bikorwa kwinshi (urugero ni nko guhigira abandi, kubakubita, kubasunagura, kubavuma, kubiba ivyabo); canke mu mvugo (gutera ubwoba, kumaramaza umuntu, kumwifatira mu gahanga, kumwita ibitutsi) canke gutesha umutwe umuntu (kumukumira, kumwararaza, kumuca mu bandi).
Gusahura no kumena ukinjira	Kumena ikigo c-ishure kanyuma ukinjira (<i>Ref. A.R.S. 13-1506, A.R.S.13-1507, & A.R.S. 13-1508</i>)
Kwitwara nabi muri bisi	Kutubahirirza amategeko n-ingingo zo kwitwara neza muri bisi z-ishure (<i>Itegeko JK-R</i>)
Kwiba ibibazo	Harimwo kwiba ikibazo ukoresheje ibikoreshe bitemewe canke ugaha abandi ibikoreshe vyo kwiba ibibazo ariko ntabwo ari ibi gusa: kwihagira ibibazo mbere y-igihe, guhinduranya abakora ibibazo (<i>Biri mw-itegeko JK-R</i>)
Iterabwoba rikoreshwa ubumara	Gutera ubwoba canke kwonona ukoresheje ibintu birmwo ubumara (<i>Itegeko A.R.S. 13-2911 Igice ca J.3</i>)

Ibintu biturira	Abanyeshure bese baba bafite ibikoresho bicira umuriro bishobora gukoeretsa umuntu canke bigasambura inyubakwa, urugero imyampi y-ikibiriri, ibibiriri, uduti tubika umuriro, ibitoro (<i>Itegeko ADE</i>)
Ibikoresho bitemewe	Ni ivyo vyose bitarekuwe kubera bishobora kuba intambamyi mu gishe c-ivyigwa.
Ibikoresho vy-iterabwba	Ni ibikoresho uko bikoreshejwe mu ntumbero yo kwica umuntu canke kumukomeretsa vyo gupfa (urugero ni ibikinisho bikora nk-umbunda, ibisu bifise ubugi buri musu ya sentimetero 6 n-igice. Ivyuma bitera umuravyo, ibisu vyugurura amakete, ubuhiri, imashini itera irangi, imashini itera amabuye, inzembe n-imbugita zikata ibikarato, ibindi bikoresho vyose vyica canke bigasinzikaza (<i>Ref. A.R.S. 13-105.11</i>))
Gusuzugura, kugabira no kutumvira abategetsi, kudakurikiza amategeko	Umunyeshula aranka kubwirwa ntakurikize amategeko, wavuga akavuga, canke akishurana imirarwe n-agasuzuguro. (<i>Itegeko ADE mu nsiguro JK-R</i>)
Inyifato ihungabanya	Ni ivyo vyose bituma ivyigwa n-akazi ku mashure bihungabana (<i>Ref. A.R.S. 13-2904</i>)
Guhungabanya umutekano	Gutuma amasomo n-akazi k-ishure bihagarara. Guhungabanya biri mwo kuvugira hejuru, kuvuza urwamo, gukoma induru; kujegera ibintu; gusunagurana canke gucuragura; canke kuva mu ntebe yawe wiyandagaza ku bandi (<i>Raba ADE</i>)
Kutubahiriza ivyambarwa	Kudakurikiza amategeko agenga inyambarwa y-ishure (<i>Raba ADE</i>)
Ibiyayuramutwe	Gukora, kugurisha, kugura, gutwara no gutunga canke kunywa ibinyobwa nyayuramutwe canke ibindi bintu bikora nk-ibiyayuramutwe canke gutunga ibikoresho bikora ivyo biyayuramutwe. Harimwo kuborirwa uri kw-ishure canke mu gihe c-ibikorwa vy-ishure, no mu miduga y-ishure mu gihe abanyeshure babikoresheje. Ivyo biyayuramutwe ni nk-imiti, n-ibindi bikorwamwo ibifukero. Aha itabi n-inzoga ntibirimwo. “Ibiyayuramutwe” bisigura ibiboreza bwenge, urumogi, n-ibindi bisa n-urumogi canke ivyo vyose bituma umuntu ata umutwe kubera yabinyoye. Bigurirwa mu masoko y-imiti canke ikaba imiti yandikwa n-abaganga (<i>Ref. A.R.S. 13-3415</i>). “Drug paraphernalia” ni

	ivyo vyose muri rusangi bisigura ivyuma vyose, ibikoresho vyose, imiti, bakoresha canke baba bafiteye imigambi o gukoresha, canke vyagenewe gukoreshwa, mu kworora, gutera, gusarura, guhingura, kubika, guhindura, gutegeza, gupima, kwihweza, gutekera no gutekurura mu ntumbero yo kubika neza ngo ntivyononekare, kwitera mu mitsi, kumira, guhumeka, canke kwinjiza mu mubiri w-umuntu mu buryo ubwo ari bwo bwose mu kurenga iri tegeko (<i>Ref. A.R.S. 13-3415 F. 1</i>).
Guta mu kaga	Ni ivyo vyose bishobora guta mu kaga abandi kubera urwangara hanyuma abandi bagahakwa gukomereka canke bagapfa (<i>A.R.S.13-1201</i>)
Kunyanganya umuntu	Kubikora ubizi kandi n-ibigirankana ku nyungu yawe mu kuronka ibintu canke ivyo bagufasha ukoresheje iterabwoba (<i>Ref. A.R.S. 13 -1804</i>)
Kurwana	Kugira uruhara muri ico cose kirimwo ivyo kurwana, ariko ata wakomeretse cane; kuko gutukana ari ururimi gusa ntivyitwa ko ari ukurwana.
Gukinisha ivyuma nteguza-muriro	Gusomborotsa ivyuma nzimyumuriro kandi ata muriro wadutse.
Ibirwanisho bicira umuriro	Ikirwanisho ico ari co cose kirimwo amasasu, caba kinini canke bimwe bitobito, canke ibindi birwanisho vyose bishobora canke vyakorewe kurasa amasasu bikoreshejwemwo ibiturika. Mu birwanisho bicira umuriro birya vyapfuye bitagikora ntibiharurwa mwo (<i>Ref. A.R.S. 13-3101</i>). <i>A.R.S. 13-3111</i>)
Magendo	Gufutanganya canke kwiba uburenganzira bwo guhingura ivyangombwa. (<i>Itegeko ADE</i>)
Akamari	Gutegeza, gukinira amafaranga, ikintu gifise agaciro. (<i>Itegeko ADE & n-Ibwirizwa JK-R</i>)

Guharagura no gucapa	Kwandika ku mpome, guharagura amajambo canke gucapura ibintu ukoresheje irangi, ikintu gisongoye ku mpome canke ahari hose mu bibanza nyarwinshi (<i>Itegeko ADE</i>).
Kuzigiriza (bidaciye ku gitsina)	Bisigura gukomeza usorogera umuntu. Ibi bikaba biri mwo: - Gukoresha uburyo bwihishije mu kuvugisha umuntu mu nyandiko, mu vyuma nyabwonko, canke mu bicapo, mu masanamu canke amafoto, mu kuvuga, mu gukora, mu buryo bwo guhanga umuntu. - Gukurikirana umuntu mu bibanza nyarwinshi canke muri mwenyene kandi ata mpamvu ifadika igutuma ugendanira uwo muntu (<i>Ref. A.R.S. 13-2921</i>)
Kumaramaza umuntu	Ikintu cose umunyeshure akoze n-ibigirankana, abizi canke kubera urwangara, ari wenyene canke ari mu murwi w-abandi, mu kumaramaza uwundi munyeshure, mu buryo bamukorera ibi bikurikira: Ivyo vyose bakora mu ntumbero yo guha urwinjizo abandi kugirango bagire uruhara mu mirwi yabo baba barashinze, canke babinjize ku nguvu mu mashirahamwe bigiramwo ibintu n-ibindi • Urwo rwinjizo bene ba shobora gutuma umuntu akomereka agasinzikara, canke bikamutesha umutwe agahamuka, canke bigatuma amaramara bikamutesha agaciro (<i>Ref. A.R.S. 15-2301</i>).
Kwica umuntu	Harimwo uruhara rwo kwica umuntu wabiteguye canke ukamwica ariko utari wateguye kumwica bivuye ku rwangara.
Imvugo itisoneye	Ni muhihe umunyeshure akoresha imvugo irimwo kurahira, kwita umuntu ibitutsi, canke gukoresha amajambo y-imvugo itabereye. (<i>Itegeko ADE ku mvugo Itisoneye</i>)
Kwiyandarika igitsina	Kwiyandarika werekana igitsina ukarenga itegeko <i>A.R.S. 13-1402 and A.R.S. 13-1403</i> .
Kunyuruza	Umuntu anyuruza abandi akabikora yabiteguye afise intumbero yo: 1. Kwihagira umuntu kugira umusabisha amafaranga, canke umugire igikingirizo; canke 2. Kunyuruza umuntu mu ntumbeor yo kumugira umuja wawe; canke 3. Kwica uwo muntu, kumukomeretsa ukamusinzikaza canke ukamufata ku nguvu; canke 4. Canke umunyeshure agafata uwundi munyeshure canke uwundi muntu akabazigiriza ku buryo baruhira gukomereka.
Gutoroka ishure ata burenganzira	Bivuga gutoroka uva kw-ishure ata burenganzira wahawe n-umuyobozi w-ishure canke uwagenywe kuyobora ishure. (<i>Itegeko ADE n-Ibwirizwa JK-R</i>)
Kubesha	Kuvuga ibinyoma mu ntumbero yo gushavuzwa umuntu canke guta mu rudubi umuntu ushaka kumujuragiza. (<i>Itegeko ADE</i>)
Ingendo yo gusinda	Bivuga ko umunyeshure aba yihaye ingendo yo gusinda agakoza ibiganza vyawe ku wundi muntu ariko atari kurwana bigaragara. (<i>Ibwirizwa JK-R</i>)
Kurema uturwi two gukora ikibi Irindi terabwoba	Uturwi tugizwe n-abantu 3 canke barenga: bagakumira abandi mubibanza; bitazire amazina; babe afite abo barwanya; kandi bagendere kurwanya imibereho ya bose. Utwourwi turangwa no gukoresha ibimenyetso vy-ibiganza, inyangiriki ku mpome, hasi, bakiyambika ibimenyetso bikoze mu vyuma, imigufu, ibisharizo bitandukanye vyerekana umurwi begukira (<i>Ref. Policy JICF and JICF-R</i>). Ibi ntibishobora guharurwa muri ibi vyo hejuru.
Ibindi birwanisho	Ikintu cose gikoreshwa mu gukomeretsa umuntu, kumutera ubwoba, kumukankamira ngo ntatabaze. Ni nk-ibi bikurikira ariko si ibi gusa: ivyo bambara ku biganza bikaba bifise amasonga, amoko y-ibisu, inembo n-uduhiri tw-abagwanyi ba karate.
Kwiba ubumenyi	Kwiyitirira ibikorwa nyabwenge abandi baba bakoze ugasa n-aho ari rwawe.
Ireresi yerekana ibitsina	Gutunga, kwugurura, canke gukora amasanamu, amafoto canke ireresi yerekana ibitsina. (<i>Itegeko JINDB mu Gisata c-Indero</i>)
Kwerekana igishika mu bantu	Gufatana amaboko, gusomana, gukorakorana, inyifato zerekana igishika. (<i>Mu Gisata c-C-indero</i>)
Kwijajara	Inyifato yo kwijajara canke urwangara vyotuma abandi bakomereka canke bikababangamira (<i>Mu Gisata c-Indero</i>).

Gusahura	Gukoresha inguvu canke iterabwoba mu kwiba canke mu kugerageza kwiba (<i>Ref. A.R.S. 13-1902</i>)
Iterabwoba (gusambura, gukomeretsa) canke kwivanga, gutera akaguma mu kigo c- Ishure	Iterabwoba ryose (mu mvugo, mu nyandiko no mu vyuma nyabwonko) kuri uwo wese ashaka guturitsa, guturira, canke kwankiriza ishure canke umutungo wa ryo, canke gukomeretsa abanyeshure n-abakozi (<i>Itegeko. A.R.S.13-1202</i>). Gutera akaguma mu kigo c- ishure n-ibigirankana, babizi kandi babishaka canke kwivanga mu kazi k-ikigo c-ishure bagahaharika ibikorwa muri ico kigo (<i>Itegeko. A.R.S. 13-2911</i>)
Gufata ku nguvu/ Gufata umwana canke ari musi y-imyaka	Umuntu yitwa ko aba yahuje ibitsina n-uwundi ku nguvu mu gihe abikoze abishaka n-ibigirankana k-umwana w-imyaka 15-canke umuntu akuze, bikitwa ko yamufashe ku nguvu mu gihe ari umwana ari musi y-imyaka 15-kandi yamukoze ku mabere gusa iyo ari umukobwa. Umuntu aba yafashe ku nguvu umwana atarashikana imyaka 18. Umuntu yitwa ko yahohoteye umwana abizi kandi abishaka mu kumwosha guhuza ibitsina, kiretse amukoze ku mabere gusa kandi ari umwana ari musi y-imyaka 15.
Kwonona umuntu	Umuntu aba yononye uwundi mu gihe abikora abishaka kandi abizi mu guhuza ibitsina n- uwo batavyumvikanye.
Guhanga umuntu Ku gitsina ciwe	Guhanga umuntu kubera igitsina ciwe kandi atabishaka. Bishobora kuba ibi : kumusaba ibijanye n-igitsina, kumwumvisha ko ategerezwa, mu mvugo, no mu zindi nzira nko kumufata (Raba Umuntu wa IX w-Isibirwamwo ry-Itegeko ryo muri 1972)
Ibikoresho bis n- imbunda	Ibikoresho vyos bikoze muri plastike, mu biti, mu vyuma, canke ivyo vyose bisusa navyo, ivyo bagereraniye, canke bashushanije mu birwanisho nyenizina, canke ibindi bintu bifise ishushanyo y-igiti canke urutokye ariko bifukishije impuzu bigasa n-imbunda.
Gucerwa	Gushika Ku ishure ivyigwa vyamaze gutangura (<i>Raba Itegeko JHB n-Insiguro JK-ED</i>)
Ubuhinga bwa none	Gukoresha nabi ibikoresho nyabwonko nk-uko bitegekanijwe mu mategeko agenga Ugukoresha Ivyuma Nyabwonk mu karere ka Glendale (<i>Ref. Policy IJNDB</i>)
Kwiba	Kwiba canke kugerageza kwiba amafaranga canke umutungo w-uwundi muntu canke umutungo w-ikigo c-ishure (<i>Itegeko mu Gice JK-ED</i>)
Guhigira canke kurya umutima umuntu	Mu gihe umuntu yerekanye mu mvugo canke mu ngiro ko ashaka kugirira nabi uwundi mu kumukomeretsa canke kwonona umutungo wiwe (<i>Ref. A.R. S. 13-1202</i>).
Kunywa itabi	Kugendana itabi, canke kurinywa, kurihererekanya hamwe n-ivyo vyose bisa n-itabi canke bikoreshwa nk-itabi mu kigo c-ishure canke mu mwanya w-ibikorwa vy-ishure, canke mu miduga y-ishure (Bisobanuwe mu gice A.R.S. 36-798.03 & A.R.S. 13-3622)
Kuvogera ikigo	Kwijira canke kuguma mu kigo c-ishure ya Intara canke ibiro nserukirAkarere ata burenganzira canke ubutumire ufise kandi ata mpamvu zumvikana. Iri tegeko rirafata n- abanyeshure birukanywe canke bahagaritswe hamwe n-abantu binjira canke bakamuga muri ico kigo kandi babasavye kuhava. (<i>Ref. A.R.S. 13-1503</i>)
Guhunga ivyigwa (kw- ishure, canke hanze y- ikigo c-ishure)	Gusiba ivyigwa waba uri kw-ishure canke utigeze utonda ishure kandi ata ruhusha abavyeyi baguhaye ata n-ivyo bazi (<i>Ref. A.R.S. 15-802 & A.R.S. 15-803</i>). Gusiba ivyigwa ukongera ukanasamaza abigisha mu kazi kabo
Ibisibo bitemwe	Mu gihe umunyeshure yasivye umusi wose kandi adafise uruhusha
Kumenagura umutungo wawe bwite	Kumenagura canke gusibanganya n-impaka umutungo wawe bwite (<i>Itegeko JK-ED</i>)
Kumenagura umutungo w-ikigo c-ishure	Kumenagura canke gusibanganya n-impaka umutungo w-ikigo c-ishure
Imvugo isomporotsa	Gusomporotsa umuntu mu mvugo, mu bimenyetso bigatuma abandi bantu barwana.

INYAMBARO MU MASHURE

Insiguro y-Inyambaro mu Mashure

Akarere ka Glendale karemeza neza ko inyambaro ibereye yunganira ikibano ciza, abana bakiga neza, hanyuma igafasha abanyeshure kwitegurira ubuzima kandi bakiteza imbere bamaze kugera mu bigero.

Ivyambarwa Mperekeza

Ibitako birarekuwe mu mashure ariko ku rugero rukurikira:

Gutobora birekuwe ku matwi gusa. Gutobora ururimi birabujijwe. Amahereni agomba kuba ari ayasanzwe kandi mato. Ayandi yose musabwe kuyambura kw-ishure no mu bikorwa vyo kw-ishure.

Amahereni yose agomba kuba yirabura, asa n-ivu canke n-urukoba kandi adafise ibisongoye kuri yo.

- Udukomo turarekuwe mu gihe ata bisogoye biri kuri two
- Inkofero n-amarori y-izuba arekuwe hanze gusa
- Utunyamutwe, udukofero n-udufatamishatsi twose turabujijwe mu nyambaro y-abanyeshure.
- Imisipi bayambara mu bigombo vy-ipantalo canke ikabutura kandi ata bisongoye biyuzuyeko
- Ivyambarwa mperekeza bijanye n-amadini bishobora guhabwa uburenganzira

Inyambarwa zo Hasi

Abanyeshure barashobora kwambara amajinisi canke amapantalo asanzwe. Amabutura, amajipo n-amakanzu ntarekuwe kurenga hejuru y-amavi. Ni co kimwe n-ibisharizo biri hejuru y-amavi bikerekana umubiri. Amapantalo n-amabutura yambarirwa mu rukenyerero agasegurwa n-imisipi bibaye ngombwa. Inyambarwa zo musi harimwo udufatamaguru zigomba kuba zifutse. Amapantalo y-imipira ararekuwe ariko atari izo kuryamana.

Inyambarwa zo Hejuru

Abanyeshure bashobora kwambara imipira ariko y-ibifungo bibiri canke bitatu. Udupira tutagira igitogi ariyo kolo, tubonerana nk-urusenga rwo kuroba canke nk-akamwanya ntabwo ari inyambaro zibereye kw-ishure. Udupira twiza ni ututariko ibikurikira:

- Inyandiko canke amasanamu y-ibiterasoni
- Inyandiko canke amasanamu y-ibiyayuramutwe, inzoga canke itabi
- Ivyivugo n-amajambo yo gusiba abandi
- Amajambo ajanye n-urupfu, imirwi nkorabara, canke ukugumuka
- Inyambarwa zo musi zigomba kuba zifutse

Ibirato

Bifuka amano kandi bitaroka. Ibirato bashobora kubifungisha imigozi canke ibihomane. Amasandali, amakambambili, uturato two mu nzu canke udusumari turabujijwe.

Inyambarwa zirereta zirabujijwe. Inyambarwa zoba ku gipimo, atari nto canke binini. Izo hasi zambarirwa mu nda kandi ntizikubure hasi. Abanyeshure batazokurikiza inyambaro nziza bazohabwa ibihano bitegekanijwe ku rupapuro rwa 18.

KWANDIKISHA UMUNYESHURE

Insiguro yo Kwandikisha Umunyeshure

Turanezerewe guha ikaze imiryango mu karere k-Amashure Abanza ka Glendale. Twariyemeje kwigisha abana mu buryo bwo kubacisha ubwenge kandi banezerewe. Muri kino gice muza gusangamwo ivyangombwa mu kwandikisha abana mu mashure.

Intambwe zo Kwandikwa

Mu kwandikisha umwana, tumbera mu biro vy-ishure umwana azokwigako. Nimba utazi neza ishure ribegereye, wohamagara ku nimero iri hano musu: (623) 237-7100. Mu kwandikisha umwana uzo wibangikanije:

- Iyangombwa c-amavuka canke ivyemeza imyaka y-umwana, nk-ikete y-ibatisimu, ikarata y-Impunzi, igitabo c-inzira canke ikete risigura impamvu ivyo vyangombwa bidashobora kuboneka.
- Agatabo k-inkingo
- Aho yahora yiga (niba bikenewe)
- Icemeza ko muba mu karere ka Glendale; murusanga ku murongo mbika-makuru y-Intara ya Arizona mu Gisata C-Indero
- Impapuro zo mu rukiko (niba ari ngombwa)

Mu kwandikwa mu gitamwaka, **abana bagomba kuba barakwije imyaka 5 imbere y-itariki 1 y-ukwa 9** muri uyo mwaka. Abana bazoba barakwije imyaka 6 imbere y-itariki 1 y-ukwa 9 canke bafise ivyemeza ko barangije igitamwaka bahita bandikwa mu mwaka wa mbere.

Ivyangombwa Bikenewe Ku Ishure

Mu gihe muhinduye aho muba canke nimero ya telefone, musabwe cane guhita mubimenyesha ishure. Ishure ritegerezwa kuba rifite ivyo vya ngombwa kugira ngo tumenye aho tubashakira vyihuta.

Umuvyeyi Yahawe Uburenaganzira ku Mwana

Ibi bishinzwe abakuze kuba mufite impapuro zo mu rukiko zerekana ko mufite uburenaganzira ku bana hanyuma mukaduka ikopi. Niba ari umuvyeyi umwe afite ubwo burenganzira, aba yemerewe gufata imyanzuro kw-ishure ku bijanye n-amasomo y-umwana kiretse izo mpapuro zo mu rukiko zibisigura ukundi kuntu. Niba abavyeyi bompibasangiyuburenaganzira ku mwana, nta n-umwe aba yemerewe gufata ingingo zo ku mwana wenyene kiretse urukiko rusigura neza inyifato mu gihe habaye ingingo zihuta n-uwo ishure ryoshakisha. Abo bavyeyi bompibabafite uburenaganzira bwo kubona amanota y-umwana kiretse ishure ryararonse itegeko ryo mu rukiko ko umwe muri abo bavyeyi ataburenaganzira agifite ku mwana. Nimba hari ivyo mufite mushaka gusiguzwa, musabwe guhamagara Ibiro vy-Abanyeshure kuri (623) 237-7133.

Haramutse habaye ikibazo, Amashure ntashobora gutanga ivyangombwa vyo ku munyeshure kiretse ico kibazo kimaze gutorerwa umuti.

Amategeko y-Inkingo

- Kw-Itegeko A.R.S.15-872, Ishure ntirishobora kwandika umwana ishure ritararonka ivyemeza ko akwije inkingo kireka hari ivyemeza ko arekuriwe kudategwa izo nkingo kw-itegeko A.R.S. [15-873](#).
- Agatabo k-inkingo ni ngombwa umusi wo kwiandikisha. Izo nkingo zibuze, ishure rifte uburenganzira bwo kurungika umwana mu rugo hakurikijwe itegeko A.R.S. 15-871-15-874.

Abanyeshure baba hanze y-Akarere

Intara ya Arizona irategukanya ingingo ku bana baba hanze y-Akarere ka Glendale. Abavyeyi baba hanze y-imbibe za Glendale canke bahinduye ishure muri Glendale, barashobora kugumiza umwana muri Glendale hakurikijwe amanota y-mwana hamwe n-ibibanza. Abana bamaze kwandikwa ntiha ngo buzuze izindi mpapuro umwaka ukurikira. Abavyeyi musabwe kwandikisha abana mukoresheje urubuga ParentVUE canke urubuga mbikamakuru rw- Akarere GESD. Abiyandikishije bitarenze tariki 30 ukwezi kwa 4 imbere y-uko Umwaka w-Ishure uhera ni bo bemerwa ubwa mbere.

Kwimura abanyeshure ku rindi shure

Bibaye ngombwa kwimura abanyeshure, musabwe kuja mu biro vy-ishure kwuzuza impapuro zo kwimura umwana imbere y-amasaha 24. Mbere yo kwimura umunyeshure, ibikoresho vy-ishure vyose harimwo ibitabo vyose mugomba kubisubiza ishure mbere yo guheraheza kwimura umwana.

AMAGARA Y-ABANYESHURE

Insiguro y-Amagara y-Abanyeshure

Akarere k-Amashure Abanza muri Glendale kariyemeje kubungabunga amagara y-abanyeshure kugirango bakomeze kwiga neza kandi bamere neza. Muri iki gice hari mwo amakuru asobanura ivyerekeye amagara y-abanyeshure.

Amategeko Agenga Amagara y-Abanyeshure

Umunyeshure azoramuka arungitswe mu rugo kubera impamvu zo kwa muganga, azogaruka mw-ishure ari uko Ibiro vy-Amagara bizoba vyamuhaye uburenganzira bwo kugaruka kwiga.

Mu gihe bizoba bigaragara ko umunyeshure ashobora kuba arwaye ivyo ashobora kwandukiza abandi, Intara ya Arizona isaba kubimenyesha Igisata ca Maricopa citaho amagara y-abantu hakurikijwe amategeko A.R.S. 36-621.

Umunyeshure wese azoba aboneka ko arwaye ku mubiri, amaso, afise umuriro n-ibijanye na vyo, bazoca baja ku musuzuma. Umuforoma w-Ishure azoca araba ingene umwana ameze hanyuma abimenyeshe abavyeyi/abarezi. Umuforoma w-Ishure ashobora gusaba abavyeyi/abarezi kujana umwana kwa muganga akazogaruka kw-ishure muganga yamurekuye ko yosubira mw-ishure.

Umukuru w-Akarere ka Glendale niwe ashinzwe ingingo zifatwa ku bijanye n-amagara y-abanyeshure. Muri izo ngingo hari mwo:

- Ingene imiti itangwa (iriyi miti baguriraho) hakurikijwe amategeko ya Arizona n-Ingingo z-AbaserukirAkarere.

- Gutunganya amakuru yo gukingira amagara.
- Ingene bavura abakomeretse canke abarwariye kw-ishure no kubitaho.
- Gusuzuma abanyeshure kugira tumenye aboba bafise ubumuga.

Indwara Zidakira

Abanyeshure barwaye indwara zidakira barashobora kuronka urupapuro rwo kwuzuzanya bahawe n-ibiro vy-umuforoma. Urwo rupapuro ruri ku murongo mbikamakuru wa Glendale mu Biro vy-Abanyeshure. Mugihe mumenye ko umunyeshure afise indwara idakira, musabwe kubimenyesha ibiro vy-umuforoma kugira ngo abawe urupapuro. Raporo y-Ubuhamya bwa Muganga yandikwa n-umuganga avyemerewe canke umuhinga w-ingaburo. Urwo rupapuro ruca rurungikwa mu biro vy-ishure. Iyo abanyeshure basivye ishure kubera ingwara idakira, biba bishoboka ko batashobora gukurikirana ibindi bikorwa ngororerabumenyi canke ivyigwa vyo kunonora imitsi. (Itegeko A.R.S. § 15-346 rirateganywe ivyokorwa bijanye n-abanyeshure bafite ingwara zidakira)

Ingwara Zandukira

Umunyeshure wese arwaye ingwara yandukira canke amaze imis akize iyo ngwara ntazemererwa gutonda ishure kiretse ahawe uburenganzira na Muganga nk-uko amategako abivugaga; hamwe n-ingingo za Intara zitaho amagara y-abantu, hamwe no mu gisata ca Maricopa hakurikijwe Ingingo (JLCC).

Abavyeyi tuzobasaba kuduha urutonde rw-ingwara zandukira umwana umwe umwe wese yarwaye hanyuma tubibike mu biro vy-Akarere. Umunyeshure azoba arwaye indwara yandukira azoheza atawe muhira kugira yoroherwe kandi ntibandukire abandi. Birahambaye cane ko tumenya hakiri kare ko umunyeshure yafashwe n-ingwara yandukira. Mu gihe habaye ingwara y-icaduka, umukuru w-Igisata c-Amagara y-Abantu muri Maricopa niwe afata ingingo zo kurungika abanyeshure no kubagarukana.

Umunyeshure Yarwaye Yoguma mu Rugo

Kugirango dukingire abandi bana, ni vyiza ko umuvyeyi yogumiza mu rugo umwana yarwaye. Abana ntibarekuriwe gutonda ishure mu gihe bafashwe n-ingwara yandukira, nk-uko amategako y-Igisata C-Amagara muri Arizona abisigura. Abana baba bararwaye ingwara zandukira bashobora kugaruka kw-ishure umukozi w-Iburi Ntungamagara vy-Ishure amaze kubaha uburenganzira bwo kugaruka. Umunyeshure afise umuriro, ayorwa, canke ahitwa agaruka kw-ishure haheze imisi ibiri amaze gutora mitende atakiri ku miti.

Inkingo

Ishure ntirishobora kwandika umwana ishure ritararonka ivyemeza ko akwije inkingo kireka hari ivyemeza ko arekuriwe kudategwa izo nkingo kw-itegeko rya Intara ya Arizona A.R.S. [15-873](#). Mu gihe co kwiyandikisha, ishure ntirizemerera umwana kiretse yerekanye ivyangombwa bijanye n-inkingo. Abana batagira aho baba baca babarungika ku mukozi wo mu biro bifasha abatagira iwabo

Ivyemeza inkingo umwana yatewe bisabwa ku musi wo kwiyandikisha. Abavyeyi ni bo bajejwe gushaka inkingo z-abana babo bagatanga ikopi kw-ishure. Intara ya Arizona itegeka ko abana barungikwa muhira mu gihe badakwije inkingo zisabwa. Hagire hagere ko abana baronka inkingo nshasha, umukozi wo mu biro ntungamagara azorungika agakete yibutsa abavyeyi abaha n-itariki ntarengwa. Umwana aronse inkingo, muca muza kopi y-izo nkingo kw-ishure ibikwe mu vyangombwa vy-umwana muri dosiye yiwe yo kw-ishure.

Mu mategeko y-Intara (A.R.S. §15-872), amashure asabwe kuba afite inkingo z-abana mbere yo kubemerera ishure. Amashure aremera ivyangombwa bitangwa n-abaganga, canke ibivuye mu mashuri umwana yahora yigamwo. Ivyerekeye inkingo mushobora kuyasaba umukozi wo mu Biro Ntungamagara, abadogiteri, canke mu Gisata ca Intara c-Amagara y-Abantu. Abanyeshure bandikwa **mu myaka yose**:

- **Zine- IBIGOGA/URUKEBU/AKANIRA** na rumwe nyuma y-imyaka 4, canke zitanu zose hamwe. Nimba umwana yari yararengeje imyaka indwi igihe yaterwa urukingo rugira gatatu, arakwije

inkingo. Urukingo rw- **ibigoga/urukebu/akanira** rwo kwibukiriza: ku myaka 11 canke nyuma y- imyaka 5.

- **Zitatu – N KINGA BUMUGA** Urukingo rwambere umwana aruterwa amaze umwaka 1, urundi rumwe aruterwa yararengeje imyaka 4 (Zose hamwe ni 4 akaba akwije).
- **Zibiri- IBIHARA-AGASAMA-AMABINGA.** Urwambere akivuka, urundi mu gitamwaka.
- **Zitatu- IGITIGU B.** Urwa 3 aruterwa nyuma y-amezi 6 avutse (ukwezi kumwe canke 2 hagati y- urwa 1 n-urwa 2. Urwa 3 amezi 4 nyuma y-urwa 1). Urwa 3 nyuma y-ivyumwero 24 avutse.
- **Rumwe – Agasama** canke ivyemeza ko yarwaye agasama
- **Umusonga na Mugiga (nka 3 nibura) baziterwa mu Gitamwaka gusa**
- **Igitigu A** (zibiri- hagati y-amezi 6) ku gitamwaka gusa hanyuma
- **Rumwe – Mugiga** ku bana bose bakwije imyaka 11
- **Rumwe IBIGOGA/URUKEBU/AKANIRA ku bana bose bakwije imyaka 11**

Umwana iyo atari buterwe inkingo ku mvo zinyuranye zijanye n-ivyo utemera, canke ingene umubiri wiwe ufite ubushobozi ndemanwa bwo kwikingira ingwara (akarorero mu gihe umwana yamaze kurwara ingwara yo gukingirwa), uca usaba kwuzura impapuro ko umwana abona uburenganzira bwo kudaterwa inkingo. Izo mpapuro uraheza ukaziha ishure. Inkingo zo ku buntu zirahari muri Maricopa. Umukozi wo mu Biro Ntungamagara kw-ishure ry-umwana arashobora kubasigurira ido n-ido ivyerekeye ayo mavuriro.

Imiti

Mu bihe bimwe na bimwe umunyeshure arakenere gufata imiti ari mw-ishure. Akarere karaheza kakumvikana na Muganga wanyu na mwebwe abavyeyi tumaze kubona ibi bikurikira:

- Urupapuro rwa Muganga rwemeza izina ry-umuti, n-ingene uwo mwana ari bufate uwo muti.
- Urupapuro rw-abavyeyi ruha ishure uburenganzira bwo guha umuti umwana canke kumufasha kuwufata. Impapuro zisabwa mushobora kuzibona mu biro vy-ishure.
- Uwo muti utegerezwa kuba uri muvuyo utekewemwo nk-uko Muganga aba yarawanditse mu Kingereza, canke utekeye mu vyo ugurishwa mwo n-ingene Muganga avuga ingene ukora.

Imiti iyo ari yose ishikirizwa Umukozi w-Ibiro Ntungamagara kw-ishure canke uwamusubiriye kugira bayibike neza.

Hakurikijwe amategako ya Intara, NTA munyeshure arekuriwe kugendana imiti aja kw-ishure canke ataha kubera impungenge bitera ku bandi banyeshure. Umuvyeyi canke umurezi niwe asabwa gushikana uwo muti kw-ishure kandi agaca yuzura urupapuro rwo gusaba uburenganzira bwo guha umuti umwana. Umwana bamuha uwo muti bakurikije ivyanditse mu co utekeyemwo. Nimba umuvyeyi asaba ko baha umwana umuti mu bundi buryo, Muganga niwe aheza akandi insobanuro akabishikiriza Umukozi wo mu Biro Ntungamagara kw-ishure. Uburenanzira bw-umuti buherana n-umwaka w-ishure. Ku musi wanyuma w-ishure abavyeyi basabwa kuza gutora imiti y-abana babo canke bakicunguza uwundi muntu biciye ku muforoma w-ishure. Imiti beneyo batazotahana ishure rizoca riyita umusi wanyuma w-ishure.

IBIHE BIDASANZWE:

Abanyeshure bapimwe ko bakunda guseserwa (anaphylaxis) barafise uburenganzira bwo kugendana agashinge boca bitera (urugero nka epinephrine). Umunyeshure rero agomba kumenyesha umunyamabanga Umukozi mu Biro Ntungamagara vy-ishure ko hari igihe ategerezwa gukoresha uwo muti. Ku bana bafite ingorane zo guhema, bararekuriwe kugendana imashini ibafasha guhema. Muri ico gihe, izina ry-umunyeshure rigomba kuba ryanditse kuri iyo miti canke ako kamashini, kandi ishure rikaba rifite ikete umuvyeyi/umurezi yanditse aha umwana uburenganzira bwo kubikoresha. Murabaza Umukozi mu Biro Ntungamagara kw-ishure abahe insiguro y-Uburenganzira bwo gukoresha imiti hamwe n-amategako yabwo.

Ingwara y-Inda zo mu mushatsi

Abanyeshure bazoba barwaye inda mu mutwe no mu myenda bazorungikwa mu rugo kugeza utwo dukoko tumaze gushira. Abanyeshure bazobonaho izo nda ari nzima ntibazobemerera gusubira mw-ishle.

Umuforoma w-ishure azahita ahamagara abavyeyi kugira baze gufata abana batangure kuzibavura. Abo bavukana bazoheza babasuzume barabe ko nabo ntazo barwaye. Abo bana bazoca barungikwa mu rugo imisi yose zokurikira bakazogaruka ari uko bamaze gukira izo nda. Umuforoma niwe atanga uruhusha rwo kugaruka kw-ishure. Ishure rizoha umuvyeyi insiguro ijanye n-utwo dukoko n-umuti watwo.

Umukozi wo mu Biro Ntungamagara

Ishure ryose mu Karere rirafise ibiro ntungamagara Umukozi wo mu Biro Ntungamagara niwe yitaho abanyeshure mu ngorane zihuta, akabaha imiti, agakurikirana amatariki y-inkingo akongera akaza arabasuzuma muri rusangi igihe bikenewe. Imiti abana bandikiwe na Muganga hanyuma bakayifatira kw-ishure izanwa n-umuntu akuze ikaba iri mu macupa yayo canke ico bayikoreye mwo kandi yanditseko ingene muganga ashaka ko iyo miti bayifata. Imiti igugwa icamaso itegerezwa kuba iri ku rutonde rwemewe n-Akarere k-Amashure kandi iri mu co yakorewe mwo. Imiti yose itegerezwa kubikwa mu Biro Ntungamagara umukozi w-ivyo biro akaba ari we ayitanga canke uwo yatumye. Umwana wanyu arwaye bidasanzwe agakenera Muganga mu mwanya w-amasaha y-ivyigwa, ni vyiza ko mubiganira Umukozi mu Biro Ntungamagara kw-ishure be n-abigisha ku mwaka ku mwaka kugira imiti y-uwo mwana ashobora gufata yame ihari mu gihe utari hafi canke uri ku kazi.

Imiti Abana bashobora Guhabwa kw-Ishure

Buri mwaka abavyeyi bagomba gutanga uburenganzira kugirango Umukozi mu Biro Ntungamagara kw-ishure afashe umumyeshure gufata imiti nk-uko iba yanditse ku rutonde umuvyeyi yatanze. Ubwo burenganzira buba bwanditse kandi buriho umukono w-umuvyeyi. Iyindi miti yose itari kuri urwo rutonde ntiyemewe kugeza Muganga ashize ho umukono wiwe wemeza iyo miti.

IMIDUGA YUNGURUZA ABANYESHURE

Insiguro Ku vyo Kwunguruza Abanyeshure

Umurwi wacu w-Abakozi barakerebutse kandi baritanga mu kwunguruza abanyeshure bose mu karere ka Glendale mu mutekano, mu buryo bwiza kandi ku gihe ciza. Dukoresha ubuhanga bugezweho murikira-barabara vyerekana amasanamu bigafata n-amajwi nka Global Positioning Systems, RFID Electronic Bus Passes, na Audio/Video systems. Mu buryo bugezweho harimo gukoresha imiduga inywa ibitoro bitonona ibidukikije kandi bifahsa kuziganya amadolari Akarere ka Glendale. Turitaho abo twunguruza mu gushakisha uburyo bwiza kandi buhanitse mu buhanga, imiduga idasanzwe, tukunguruza abanyeshure mu buryo bukwije ivyangombwa.

Ivyo Akarere Kizeye mu vyo Kwunguruza Abanyeshure

Wubahe, Witwararike kandi Uharanire Umutekano

Kwubaha Bisigura:

- Kwunviriza ingingo z-abashoferi/n-abafasha babo
- Kwitaho isuku muri bisi tukirinda ibicapo n-ivyandiko
- Kwitaho neza bisi n-ibiri ku gituro ca bisi vyose
- Gira ikinyabufura, mukoreshe ijwi ryoroshe, n-ivugo ibereye • Keep hands and fee and personal belongings to self

Kwitwararika Bisigura:

- Kudacererwa ku gituro ca Bisi aho buririra mu gitondo n-inyuma y-amasaha y-ishure (iminota 5 mbere yo kwurira Bisi)
- Ico kunywa muri Bisi ni amazi gusa
- Ibifungurwa n-ibinyobwa bindi biguma mu gikapu cabigenewe
- Kugumiza hafi indangamuntu kugira bayisuzume mbere yo kwinjira Bisi no kwururuka
- Ibikoresho nonora-mitsi n-ivy-umuziki bigomba kuguma uruhande rumwe
- Ama telefone n-ibibi vyuma mbika-bumenyi biguma mu mifuko canke mu bikapu

Kugira umutekano bisigura:

- Kwumviriza insiguro za Shoferi mutambule ibarabara imbere ya Bisi
- Muguma mwicaye igihe cose Bisi izaba iri kugenda
- Amadirisha aguma yugaye (kiretse babasavye kuyugurura)
- Kwurira no kwururuka Bisi ni mu kibanza cabigenewe gusa
- Mu bihe vyihuta, mukoresha ivyuma vyo kwikingira impanuka



Ingene Bisi Imeze

Ama bisi y-Ishure arimwo ivyuma murika-muhanda n-amajwi yavyo.

Uruhusha rwo Kugenda muri Bisi

Mu gutaha, hari itegeko rivuga ko “nta ruhusha, nta kwinjira bisi”. Abanyeshure badafite ikibaranga c- ishure bazogenda mu biro vy-ishure kugura ikarata ndangamunyeshure canke bahamagare abavyeyi/abarezi babo kugenda kubafata. Turatahura ko hashobora kuba ho ingorane gaturumbuka hanyuma amashure agafashanya n-abavyeyi/abarezi gutora igisubizo. Kugendera muri bisi ntabwo ari uburenganzira, ni uburyo bwo gufasha abanyeshure.

Amakosa muri Bisi n-Ibihano Bijanye na yo

Abanyeshure basabwa kwitwara neza mu gihe cose bari muri bisi, canke ku bituro vya bisi, canke basohotse bisi. Iyi nyifato nziza igomba jujana n-ingene abanyeshure bitwara mu gihe baba bari mw- ishure. Mu gihe umunyeshure arenze amategeko, umushoferi acá amwihaniza, ariko iyo nyifato mbi ikomeje, umushoferi acá yandika raporo akayishikiriza umuyobozi w-ikigo (hakurikijwe itegeko EEAECE ry-abayobozi b-Akarere rigenga inyifato y-abanyeshure muri bisi).

URWEGO RUTOYA

AMAKOSA	IBIHANO
Kutaguma wicaye mu kibanza Kuvuza urwamo no gusamaza abandi Amasoda, ibiryo, za bombo na za bihekenywa Kutumvira shoferi canke umufasha we Ibitutsi, imvugo n-ibimenyetso biteye isoni Kurenga amategeko agenga kwitwara neza muri bisi Kwugurura ibiyo vya bisi N-ibindi	

URWEGO RWO HEJURU

Amakosa	IBIHANO
Gusohora igice c-umubiri canke ikintu ufite ucishije mu idirisha rya bisi. Kumena/Gusambagura umutjunga w-Akarere (Bashobra kukurisha ivyagaritse vyose) Amatabi y-ubwoko bwose, ibibiriti, ibintu vyose binuka, ibindi vyose birakira, inzoga n-ibindi vyose bisa nazo. Gusindira umuntu. Ibirwanisho bicira umuriro, ibisa navyo, ivyuma bisambura, canke bitera akaga. Guturubika canke kunyuzura. Gukinisha canke kwatsa ibikoresho bibura impanuka Kujabuka ibarabara uciye inyuma ya bisi Kuruka/Gucira N-ibindi	Guhamagaza inama ihuza ishure n-umuvyeyi w-umunyeshure Igihano kw-ishure kugeza ku misi 5 n-inama y-abavyeyi Igihano co guhagarikwa muri bisi imisi 5 n-inama y-umuvyeyi Igihano co guhagarikwa muri bisi imisi 10 n-inama y-umuvyeyi Igihano co guhagarikwa muri bisi imisi 30 hakaba n-inama y-ishure n-umuvyeyi Guhagarikwa muri bisi amezi ane canke imisi yose iba isgaye mu mwaka w-ishure. Igihano ca gatatu gikurikizwa ku mategeko y-ibihano muri GESD

Serivisi Ivuguruye yo Gutwara Abantu

Inzira zo kwiandikisha zarahindutse mu mwaka w'amashuri uri imbere. Gutwara abantu ntibikiboneka mu buryo bwikora hakurikijwe aderesi yo mu rugo. Kugira ngo serivisi zo gutwara abantu zibonerwe umuti, imiryango igomba gukuramo porogaramu ya EDULOG Parent Portal, gukora umwironoro, kwandikisha abanyeshuri bayo, no gutanga icyifuzo cyo gutwara abantu. Iyi nzira nshya ireba ko inzira zubatswe hagamijwe kunoza imikorere n'umutekano ku banyeshuri bose.

Urubuga Rufasha Abavyeyi

KU BIJANYE NA BISI BURI KANYA



DOWNLOAD



ABAVYEYI
BARASHOBOYE

Urubuga Rwa Bisi y-Ishure

- ☐ Bisi Nshaka Igeze he?
- ☐ Ikimenyetso c-igihe Bisi ishikiraho Nyabwonko
- ☐ Amakuru ku bituro vya Bisi mw-Ibanga
- ☐ Ingene Umenya amakuru y-Abana Bawe Bose

Amakuru Ku nzira za Bisi
Amafone

Kwinjira Ku rubuga

Aho Bisi y-Ishure Igeze Muri Kano Kanya



Edulog ni urubuga rw-ababyeyi rufasha abavyeyi kubona umwanya n- ahantu hateganijwe kuba igituro ca bisi n-igihe bisi y-ishure iri buhagere, buri musu, kandi ikanohereza abavyeyi ikimenyetso kuri telefone zabo ngendanwa bisi imaze kugera hafi y-ahari igituro cayo. Ababyeyi basabwa kwiwandikisha hanyuma bakagira umutekano imisi yose umwana agiye kw-ishure canke atashe ari muri bisi y-ishure.

hir
bis
nd
hir

IVYUMA VY-UBUHINGA BWA NONE

Insiguro y-Ubuhinga bugezweho

Amashure yo mu Karere araha abanyeshure babifitiye uruhusha ibikoresho binyuranye vy-ubuhinga bugezweho kugira ngo batere imbere mu bwenge. Umunyeshure wese asabwe kwubahiriza uburenganzira bw-abandi mu gihe ariko arakoresha ivyo vyuma, kandi akwubahiriza amategeko y-Amashure yo muri Glendale akitaho kumenya ubwenge nk-uko ari intumbero y-Amashure muri kano Karere. Umunyeshure wese ategerezwa kubwira Umukuru w-Ubuhinga Ntumamakuru mu gihe abonye abatariko barakoresha ivyo vyuma nk-uko amategeko abisaba. Amasezerano niyo akurikira hanyuma ku rupapuro rwa 35 ni umukono. Uwo wese atazokurikiza amategeko azohabwa igihano bibaye ngombwa bamuhagarike. Mu gihe Abavyeyi badashaka ko abana babo bakoresha ivyo vyuma boheza bakatwandikira.

AMASEZERANO MU GUKORESHA UBUHINGA BUSHASHA

Ivyemewe n-Amategeko Agenga Ivyuma – Ndabita hura kandi ndemera ibi bikurikira:

1. Ubuhinga Nyabwoko bwa none bwashizweho kugirango busahirize mu nyigisho kandi bushobora gukoreshwa mu vyiga gusa. Amajambo “ivyigwa gusa” birimwo ibikorwa mw-ishure, ihugurwa ry-abakozi, ubushakashatsi n-ibindi bijanye n-ishure. Ibi vyuma ntivyagenewe gukinisha (kiretse mbifitiye uburenganzira), kugwiza itunga canke amapolotiki. Nsabwe gukurikiza amategeko ategukanywa mu mateka y-Akarere ka Glendale. Icongeyeho n-uko aya mategeko ahagarikiwe n-Umurwi MpagararirAkarere hamwe n-amategeko y-Abayobozi muri ako karere. Amakopi y-ayo mategeko muzoyasanga mu biro kuri buri shure hano mu karere.
2. Uvyuma Nyabwonko nti vyategekanirijwe gukoreshwa n-abo ari bo bose canke hose. Niyo mpamvu ibiri vy-Akarere bifite uburenganzira guhagarika amakuru yose aba aciye muri ivyo vyuma hakurikijwe amategeko. Nsabwe rero gukurikiza amategeko agenga amateka n-ubuyobozi bw-Akarere ka Glendale. Ndemeza neza ko ubuhinga bwose ntumamakuru, amatelefone, n-ubundi buhinga nyabwonko bukoreshwa hano mu karere k-Amashure abanza ka Glendale, bishobora gusesangurwa tukabona iyo biva n-iyi bija, ababitumye n-abo vyatumiwe, kandi naho nobihanagura bishobora kudahanagurika.
3. Ubuhinga Nyabwonko burafise umurongo mbikamakuru uwo ariwe wese ari mu kigo c-Amashure ya Glendale ashobora gukoresha. Ni bwo buryo bwonyene burekuwe gukoresha ivyuma vya banyene vyo (amatelefone ngendanwa, utumachini nyabwonko ngendanwa) mu Karere ka Glendale. Nta bundi buhinga bushoboka kurahura amakuru muri nyabwonko za Glendale. Ariko kubera ko tutagendura ivyo vyuma, hashobora kuba mwo inzitiro mudashobora gucako cnake kumena. Iyo mihora y-amakuru nayo nyene irekuriwe gukoresha mu bumenyi n-ibijanye n-akazi gusa. Umuvo w-amakuru ni muto. Kwemererwa kurahura amakuru ni ubuntu Akarere kaba katugiriye. Bashobora kuzibira uwo muhura igihe cose bashakiye.
4. Abanyeshure bashobora gukoresha ivyuma vyabo bari mu kigo c-ishure mu bijanye no kwiga, ariko Akarere kagomba gukingira ivyuma vyako ngo ntivyononekare. Akarere ntikazemanga ivyuma bizoba vyatakaye canke vyononekaye. Ivyuma vya bene vyo bishobora gukoreshwa mu mashure mu gihe vyemewe n-Ibiro Mpagararirabuhinga mugihe umuyobozi w-ishure yatanze uruhusha ku bakozi,

abanyeshure nabo bagakenera uruhusha rw-umwigisha n-abavyeyi. Baraba umwe umwe wese mu gutanga uburenganzira kandi bagashobora no kubwaka uwo wese batarinze kwisigura. Ivyo vyuma vya bene vyo kirazira ko bicomekwa mu muyangnkuba w-Amashure kubera ko tugomba gukingira ivyuma vyacu, kiretse amamashini nyandikamakuru y-abigisha.

Akarere karafite uburenganzira bwo gusuzuma ivyo vyuma mbikamakuru ivyo ari vyo vyose vyubwoko bwose kugira ngo dukurikize amateka n-amategeko y-Akarere ka Glendale kajanye n-Amategeko Akingira Abana. Gusesangura ivyo vyuma bishobora gukorwa mw-ibanga kandi mu biri muri ivyo vyuma vyose. Dusanze mwo twa dukoko twica amamashini nyabwonko turafise uburenganzira bwo guhanagura, kwonona canke kubika ibiri muri ivyo vyuma. Dusanze mwo amakuru anyuranye n-amategeko y-aya masezerano canke amategeko ya Intara hano iwacu canke ya Intara Zunze Ubumwe, Akarerere karashobora gufata ivyo vyuma.

Niwaba uzanye imashini zemererw –Akarere ka Glendale, utegerezwa kwemera ibikurikira:

- a. Ndi gukoresha imashini yanje bwite mfite uburenganzira bw-Akarere, abaserukira Akarere, canke abavyeyi (ku banyeshure) .
 - b. Nzokoresha ibi vyuma mu ntumbero yo kwiga canke y-akazi k-Akarere ka Glendale gusa.
 - c. Nzokurikiza amategeko y-Akarere ka Glendale mu bijanye no gukoresha ubuhinga nyabwonko.
 - d. Sinzokwinjira mu mihora nyabwonko ya Glendale mu buhinga bwayo bwose. Ariko nemerewe gukoresha umuhora w-abashitsi bo mu karere ka Glendale.
 - e. Sinzokoresha umutungo w-Akarere ka Glendale urebana n-impapuro n-irangi
 - f. Ndatahura ko Amashure n-Akarere bitabaraba mu gihe ibikoresho vyanje bipfuye/ vyibwe.
 - g. Ndatahura ko biro Bijewe Ubuhinga Nyabwonko muri Glendale, abayobozi, abigisha b-umunyeshure bashobora gusaka iikoresho vyanje bareba ko ndi gukurikiza amategeko.
 - h. Ibikoresho nzohora nzana mu karere ka Glendale ni ibi bikurikira:
Utwuma ducomekwa kugirango mbashe gusoma ibirimwo, utumashini ngendanwa, twa nyabwonko dutoduto, amatelefone yo mu minwe, amamashini nsohoramakuru n-ayafata amafoto (abakozi gusa) ariko nkaba nzi ko ntarekuriwe kubicomeka ku murongo mbikamakuru w-Akarere k-Amashure abanza ya Glendale.
 - i. Nzokoresha ubuhinga mbikamakuru aho gusaba abakozi b-Akarere ngo bamfashe gutengeneza ivyuma vyanje.
5. Imirongo mbikamakuru agaragara ku murongo nyabwonko wa w-Akarere ka Glendale irashobora gukoreshe mu kurahura amakuru dukoreshe imashini zacu. Akarere kabishatse, imirongo ukoresheje ishobora guhagarikwa canke igafutwa mu mashini zawe.

Ibitemewe n-Amategeko Agenga Ivyuma

Kugirango twirinde uburyo burari bwiza bwo gukoresha umurongo ntabwonko wa Glendale, niyemeje:

1. Gutunganirwa no gutunganiriza abandi (ku banyeshure gusa)
 - a. Sinzokwandagaza ivyangombwa vyanje canke ivy-abandi (amazina, aho ntuye, inimeru za telefone, aderesi z-Amashure n-ibindi) kiretse nabirekuriwe n-umwigisha n-abavyeyi
 - b. Sinzoganira n-abantu ku murongo ntangamakuru kiretse nadabirekuriwe n-abavyeyi kandi tukaba turi kumwe
 - c. Nzohita mbwira umwigisha canke umuyobozi w-Ishure ni nabona intandiko zitabereye canke zintsha umutwe.
2. Ibikorwa binyuranye n-amategeko.
 - a. Sinzogerageza kwinjira mu muhora nyabwonko w-Akarere ka Glendale canke imashini nyabwonko za-Akarere kandi ntibifiye uruhusha. Sinzogerageza kwiba urufunguruzo rwuwundi canke umuhora wabo ata burenganzira bampaye. Sinzosabikanya n-abandi urufunguruzo rwo kwugurura umurongo nyabwonko wa Glendale.

- b. Sinzogerageza guhungabanya umurongo nyabwonko w-Akarere ka Glendale canke ngo nandukize nyabwonko udukoko tuyisambura mu buryo ubwo ari bwo bwose.
 - c. Sinzigera nkoresha umurongo nyabwonko wa Glendale (nshaka kudandaza canke kugura urumogi, ibiyayuramutwe, inzoga, kuvugana n-inkozi z-ikibi, n-ibindi bibi), kunyuruza umutungo mu buryo bw-ivyuma nyabwonko etc.).
 - d. Nzirinda kwugurura canke gukoresha imihora mbikamakuru. Uburorero bw-imihora mbikamakuru (Uburorere: imihora y-abigenga, imihora rwihishwa, canke ya bene yo gusa)
3. Kwiba canke kurahura ubwenge atari ubwanje.
 - a. Sinzigera nabura ubwenge nsanze muri nyabwonko. Kwabura ubwenge ni ukwiba ibikorwa vy-ubwenge hanyuma ukavyiyitirira nk-ivyawe.
 - b. Nzubahiriza amategeko akingira uburenganzira bwa nyene ibikorwa. Kurenga amategeko akingira bene ibikorwa ni ugusubirawo ibikorwa atari rwawe ukavyiyitirira kandi bikingiwe n-amategeko. Ivyo bikorwa niba bimurikiwe n-amategeko y-ingene vyokoreshe, ayo mategeko ngomba kuyubahiriza. Nimba ntasobanukiwe neza ingene nokoresha ivyo bikorwa, nzoheza nsobanuze nsabe uruhusha bene ibikorwa. Ibibazo nzoheza ndabibaze umwigisha canke umukozi ahagarariye ibikorwa nyabwonko.
4. Gukingira ivyuma
 - a. Nijwee nyene njejwe umurongo wanjye. Sinzogerageza kwiba urufunguruzo rw-uwundi canke umuhora wabo ata burenganzira bampaye.
 - b. Ntawe nzemerera gukoresha urufunguruzo canke umurongo mbikamakuru vyanje. Kirazira ko Abayobozi, Abigisha n-Abacungera-mihora bansaba urupfunguruzo rwanje
 - c. Nzoca mbwira umwigisha canke umukozi ahagarariye ubuhinga mbikamakuru buno nyene ndamutse mbonye ko hari ikintu gishobora kubangamira umurongo nyabwonko, muri ivyo hakaba hari mwo urufunguruzo rwibwe canke rwononekaye, aboba bagerageje kwinjira mu mashini nyabwonko kwiba amakuru arenze ayo umuntu aba yemerewe
 - d. Sinzokwigera mvoma mw-isoko ntarekuriwe mwo kiretse naronse uburenganzira nandikiwe n-umwigisha canke umucunga-mihora nyabwonko.
 - e. Nzokurikiza impanuro zo kwirinda gukwega udukoko twokwonona umurongo ntabwonko mu gihe nzoba ndiko ndavoma mw-isoko ry-amakuru naherewe uburenganzira.
 - f. Sinzigera mpungabanya umutekano mu gusabanyanya amakuru, mu kwinkiza ivyonona nyabwonko, canke mukwima abandi uburenaganzira bwo gukoresha umurongo nyabwonko. Muri ibi harimwo gukwega ivyica umurongo canke kubitera muri nyabwonko.
 - g. Sinzigera ngerageza gusambura, gukora canke guhindura ivyuma nyabwonko canke vyo gutumatumanako amakuru ntabifitiye uburenaganzira. Gukora ivyuma canke guhindura ico ari co cose bitangirwa uruhusha n-umuyobozi w-Ishure cane umwigisha.
 - h. Sinzigera mvana ivyuma nyabwonko mu Karere ka Glendale ntabifitiye uruhusha.
 - i. Umuyobozi w-ibiro biraba ivuma nyabwonko niwe wenyene afise ububasha bwo gutanga uruhusha rwo kurahura amakuru mu murongo nyabwo w-Akarere ka Glendale nkoresheje ivyuma ngendanwa, amatelefone, utumashini nyabwonko, imashini zifotora, zicapa canke zisohora amakuru, intinga zikwega amakuru, imashini zikina ireresi. Ndamutse ndenze kuri aya masezerano nzoharurwa ko ntegerezwa kuriha ibizoba vyononekaye kugira basubize mu buryo ibizoba vyononekaye kubera ivyuma nzoba nasobetse mu bindi nshaka kuvoma amakuru.
 - j. Ndatahura neza ko Akarere ka Glendale gafise uburenganzira bwo gukuraho icuma ico ari co cose kitahawe uburenganzira bwo gushakisha amakuru biciye mu murongo nyabwonko wa Glendale.
5. Imvugo.
 - a. Sinzokoresha imvugo y-ubushirasono, y-iterabwoba, y-amanyama, y-ukutubaha abandi canke kutiyubahiriza.
 - b. Sinzigera nkwiragiza amakuru aturira, canke atubahiriza umutekano w-abandi ngo yoroherenze abanyeshure kwiga mu mutekano.

- c. Sinzosomborotsa abandi, yaba umuntu umwe canke umurwi w-abantu. Sinzozigiriza abandi, nko kubabuza amahoro, kubarungikira amakuru atabashimisha.
 - d. Sinzigeria ngira ibigirankana ngo ndabikore ndabishaka mu gukwiragiza amakuru aturira canke yambika iceyi abandi canke amashirahamwe.
 - e. Sinzigeria nkwiragiza mu mirwi y-abantu imfatangane z-amakuru kandi atari ngombwa.
6. Gusuma urusaku canke kurungika amakuru mu buryo butari bwo.
- a. Sinzigeria ndungika amakuru atabereye canke arimwo ibitersoni (bifatiye ku gitsina), canke asahiriza ibikorwa binyuranye n-amategeko, canke yosha imigumuko n-ivangura, canke abiba urwanko. Abigisha n-abanyeshure bo mu mashure yisumbuye bashobora kwugurura amakur mwene ayo ariko intumbero yabo ari ubushakashatsi. Muri ico gihe umunyeshure abanza kuronka uruhusha rw-umuvyeyi n-umwigisha.
 - b. Nzohanahana amakuru nkoresha imirongo y-Akarere nirinde kumenera mu mirongo y-abandi
 - c. Kwandika no gusabikanya amakuru ku mbuga bitegerezwa kubanza kwemezwa n-ishure. Amakuru aja ku mbuga ni ayajanye n-ishure be no kwitegurira imyuga gusa.

Kugira Ubuntu mu buhinga mbikamakuru.

Ishirahamwe Mpuzamakungu ry-Ubuhinga mu Mashure (ISTE) rirasobanura ingingo ngenderwako ziranga kugira ubuntu mu gukoresha ubuhinga bwa none mu Mashure.

Ndatahura neza ko ngomba kwitwara neza ngakurikiza amategeko akurikira:

Kwubaha

1. Gukoresha imbikabumenyi: Kwubahiriza uburenganzira bwo gukoresha imbikabumenyi
2. Inyifato ku mihora mbikamakuru: Amategeko gusa ntahagije — dukwiye kwigisha bese inyifato ibereye mu vyerekeye imihora nyabwonko mbikamakuru.
3. Itegeko rigenga imihora mbikamakuru: ni icaha ginwa n-amategeko kwiba amakuru, karangamuntu canke umutungo nyabwonko vy-uwundi muntu

Kwigisha

1. Itumamakuru nyabwonko: kubera ko ubuhinga ntumamakuru bwagwiriye,
2. Ubumenyi mbikamakuru: Birakenewe ko abanyeshure biga gukoresha ubuhinga mbikamakuru.
3. Gusuma biciye mu mirongo mbikamakuru: Kubera ko gusuma hakoreshejwe imirongo mbikamakuru, birakenewe kwigisha kwitondera igurishwa ry-ibintu ku mirongo nyabwonko

Guhagarikira

1. Uburenganzira no kwiubara: ni ngombwa kumenyesha abantu iyubahirizwa ry-uburenganzira bwabo, bwo kuvuga ikiri ku mutima, n-ibindi...
2. Amahoro n-umutekano mu mirongo mbikamakuru: Abakoresha imirongo mbikamakuru barakwiye kumenya gukingira ibibaranga ngo ntihagire inkozi z-ikibi zivyiba.
3. Uburyo ntungamagara mu mirongo nyabwonko: Gukoresha imirongo mbikamakuru biratera indwara zo guhuha umutima, n-izo kutiyumanganya gukoresha iyo mirongo, niyo mpamvu abakoresha iyo mirongo mbikamakuru bakwiye kumenya ingaruka mbi za yo.

Amategeko Agenga Imbuga Mbikamakuru (IJNBD)

Nasomye neza amategeko agenga umurongo mbikamakuru mu karere ka Glendale, none ndemeye gukurikiza ingingo zigenga Ugukingira Uburenganzira bw-Abana (CIPA), aribwo bwerekana ingene twokoresha umurongo mbikamakuru mu karere, akaba ari ibi bikurikira ariko si ibi gusa:

1. Ingingo Zigenga Imbuga zo Kubika amakuru.

- a. Gushakashaka amakur atabereye.
- b. Uburenganzira bw-Akarere mu gucungera, kurereka no guhagarikira ikoresheya ry-ivyuma nyabwonko n-imirongo.

- c. Umutekano n-ugutunganirwa kw-abana mu gihe bari gukoresha imirongo ntumamakuru n-ubundi buhinga mbikamakuru.
- d. Kwinjira mu miringo ntabwonko utabifitiye uruhusha
- e. Gusabagiza ivyangombwa vy-umuntu ukabikwiragiza hose canke ukabikoresha
- f. Gutukana canke kurya umutima abandi ukoreshe imirongo mbikamakuru.

Uburenganzira Bwanje

1. Ndatahura neza ko Akarere ka Glendale gashobora kumbuaz ivyo muga kubera impamvu z-Amashure y-abana canke akazi. Akarere ntikazombuza kuvuga kubera ivyiyumviro vyanje.
Ndatahura kandi ndemera ko:
Ata burneganzira mfise bw-amakuru mu gihe nkoresha umurongo nyabwonko w-Akarere ka Glendale ndabicshije muri telefone, imirongo n-ivyuma ntumamakuru, imirongo rusangi, kwandika ubutumwa, n-iyindi mirongo ntumamakuru. Abavyeyi barafite uburenganzira bwo kuraba ibiri mu mirongo ntumamakuru yanje (ku bana bari *musi y-imyaka 18*).
2. Mu gukubura no kubungabunga urubuga nyabwonko rw-Akarere ka Glendale birashobora gutuma ntahura ko narenze amategeko y-Akarere hamwe n-aya masezerano.
3. Bazoheza bashakashake aho nzoba nararenze amategeko haramutse hariho ivyemezo ko narenze amategeko y-Akarere. Gushakashaka bizokwisunga aho bibaza ko nzoba nararenze amategeko.
4. Akarere kazakorana n-abajewe amategeko bo mu kibano, b-intara hamwe n-aba Intara.
5. Basanze nararenze amategeko mukutubahiriza aya masezerano IJNDB canke IJNDB-R yo mu karere ka Glendale, bazoheza bansobanurire aho narenze amategeko bongere bampe umwnaya wo kwisigura. Ayandi makosa yose azoba yarakozwe bazoyasobanura bakoresheje amateka agenga Akarere ka Glendale.
6. Akarere ka Glendale karafise uburenganzira bwo kugabanya canke guhagarika uburenganzira bwo gukoresha umurongo nyabwonko w-Akarere ka Glendale.

Kwishura Ivyuma Vyamenetse canke Vyibwe

Ndazi neza ko ari jewe vyega gusubiriza ibikoresho vyose bampaye hanyuma bikononekara canke bakavyiba mu gihe ntazoba ndi ku kazi canke mu bibanza bizwi n-Akarere ka Glendale, canke iyo nagiye mu nama, n-ibindi bikorwa bisa n-ivyo. Ivyuma bizoba vyibwe vyari mu muduga, n-aho noba ndi mu kigo c-Akarere ka Glendale, nzotegerezwa kuriha Akarere ka Glendale hanyuma nsigare nishuza ishirahamwe ryanje rya asiranse.

Ingingo Zikingira Amashure ya Glendale

1. Akarere ka Glendale ntigashobora kwishinga ibijanye n-akazi canke ivyoshika mu gihe c-akazi kuber ikoreshwa nabi ry-umurongo nyabwonko, urwangara, amakosa canke kutibanga akazi.
2. Akarere ntikazokwishinga ivyo nzob natanze mu kazi ata burenganzira nahawe n-Akarere imbere yo gukora ako kazi.
3. Akarere ntigashobora kwemeza canke ngo gahakane amakuru azoba ari mu murongo nyabwonko wako.
4. Akarere ntigashobora kwemanga ivyo nzoba natakaje mu gihe nzoba ndiko ndakoresha umurongo nyabwonko wako kubera hari ivyazimiye, ivyakoze nabi, ivyatevye, canke bitatumbereye inzira nyayo.
5. Gukoresha amakuru nzoba nakuye ku rubuga rw-Akarere ka Glendale vyega jewe gusa.
6. Abavyeyi, abanyeshure bakuze n-abakozi barashobora kwishuzwa ivyononekaye mu gihe co gukoresha umurongo nyabwonko w-Akarere.
7. Akarere gafise uburenganzir bwo gufata icemezo c-amakuru rusangi. Akarere karashobora gusabikanya amakuru ata ruhusha karize gusaba abakoresha umurongo wabo.
8. Kurungika ikete ukoresheje umurongo ntumamakete w-Akarere nti nko gukoresha urupapuro rwanditse ko izina ruyishure.

- 9 Abakoresha umurongo nyabwonko bose bategerezwa kwiubara gukwiragiza ivyangombwa nkoramutima vy-abanueshure.
- 10 Amakuru yose aciye muri nyabwonko y-Akarere ka Glendale aba yabaye ay-Akarere kandi umukuru w-Akarere n-abakozi bako bshobora kuyaraba igihe cose bashakiye
- 11 Kirazira gukoresha umurongo nyabwonko w-Akarere ku nyungu yawe gusa. Ingingo zikurikira nizo zega ikoreshwa ry-umurongo nyabwonko wa Glendale:
 - a. Gukoresha uwo murongo ntibishobora gutwara Akarere amahera
 - b. Uwo murongo ni uw-ibikorwa vy-Akarere. Kuwukoresha ivyawe vyobakantu gato cane.
 - c. Nta gukwiragiza amakuru kuri uwo murongo kireka ari inyungu y-Amashure canke y-akazi. Iyangombwa atari rusangi kirazira kubikwiragiza nyene vyo atavyemeye.
 - d. Kirazira gucomeka ivyuma ivyo ari vyo vyose ku murongo nyabwonko ata burenganzira wahawe n-uwuserukira uwo murongo nyabwonko. Ivyuma vy-Akarere vyonyene nivy bishobora gukoreshwa ku murongo nyabwonko wa Glendale.
 - e. Amakuru yo mu mirongo ntumamakete atari rusangi vyiza mwoyasoma hanyuma mukayahanagura.
 - f. Inkino atari rusangi kirazira kuzikinira ku rubuga nyabwonko
- 12 Abanyeshue bategerezwa guharurwa ko ingene bakoresha umurongo nyabwonko. Basabwa gupfunga umuhora wabo muhe bahejeje gukoresha imashini nyabwonko.
13. Kirazira gukoresha umurongo nyabwonko mu kujajura.
14. Kirazira kwiandikisha mu mirwi y-itumamakete.
15. Kirazira kurungikira amakete abokresha umurongo nyabwonko bose.
16. Kirazira ko umurongo nyabwonko ukoreshwa mu gusega, mu kurata ivyashara, mu gukoka, mu kwinjiza abanywanyi mu mashengero canke mu ma politike, canke mu mashirahamwe yo hanze.

Aya masezerano yo gukoresha umurongo nyabwonko wahinduwe itariki 1 ukwa 5, 2019. Mwamenya neza ko Akarere ka Glendale gashobora gusubiramwo aya masezerano igihe cose bibaye ngombwa.

Urupfunguruzo QR rujana k-umurongo <https://www.gesd40.org/link-one/handbooks>



Guhabwa Igitabo c-Amategako y-Abavyeyi n-Abana

Izina ry-Umunyeshure (urudome ku rundi): _____ Ishure _____

Izina ry-Umwigisha (urudome ku rundi) _____

Imikono iri hano musibyeze ko:

Naronse ikopi y-igitabo c-amategako c-Akarere k-Amashure Abanza mu Karere ka Glendale muri uno mwaka w-ishure kandi twe n-abana wanjye twafashe umwana wo gusoma amategako n-ingingo biri muri kino gitabo.

Ndashigikiye kandi nzokurikiza ivyoyi iki gitabo gisigura nku ngendo nyayo.

Nasomye amasezerano yo gukoresha ivyuma mbikabumenyi kandi Ndatahura neza ko intumbero y-urubuga mbikamakuru ari kurera no gucisha ubwenge kandi nzokoresha ibiri mwo neza.

Ndatahura neza ko Umurwi NserukirAkarere ushobora guhindura ibiri muri kino gitabo ni vyaba ngombwa muri uyu mwaka w-ishure.

_____ Izina ry-Umuveyi/Umurezi (Andika indome)

_____ Umukono w-Umuveyi/Umurezi

_____ Umukono w-Umunyeshure

_____ Itariki

Ni mwaba muvukana muri abana babiri canke barenga, umwana umwe wese yandika izina ryiwe ku murongo umwe aha musibye. Kopi ibikwa muri dosiye nyamukuru y-umunyeshure.

IVYANGOMBWA ISHURE RISHOBORA GUSABIKANYA

GUSABA KO IVYANGOMBWA BIDASABIKANYWA

Itegeko Ngororeramiryango ry-Indero (FERPA) rivuga ko bashobora gusabikanya ivyangombwa vyawe kuri uwo ari we wese, ibinyamakuru, amashure kaminuza, igisirikare n-ahandi, utabanje gutanga uruhusha rwanditse.

Ivyo vyangombwa, n-aho vyitwa ko atari nsinzikaza-buzima, canke ngo bisesangure karangamuntu, barashobora kubisabikanya n-amashirahamwe batarinze gusaba umuvyeyi uburenganzira.

Ivyo Vyangombwa ni nk-ibi bikurikira:

- Izina ry-Umunyeshure
- Aho umunyeshure aba
- Telefone y-umunyeshure
- Ifoto y-umunyeshure
- Itariki y-amavuka n-aho umunyeshure yavukiye
- Umurongo mbikamakuru w-umunyeshure
- Ivyemeza ko umunyeshure yanditse mw-ishure
- Imisi umunyeshure yatonze ishure
- Umwaka umunyeshure ageze mwo
- Ishure canke ikigo umunyeshure yizemwo ubwanya, Inimero Ndamunyeshure, Nimeru-Mpfunguruzo, canke urundi rupfunguruzo umunyeshure akoresha mukuganirira mu vyuma ntumamakuru, ariko urwo rupfunguruzo rukaba ruterekana ivyangombwa vy-amashure y-umunyeshure kiretse urwo rupfunguruzo rwugurura ibifatanye n-ivyangombwa vy-umunyeshure inimero n-akajambo ntasangirwa, canke ivyangombwa bimenywa na nyene uburenganzira bwo kurukoresha.
- Inomero Ndamunyeshure canke inimero ntasangirwa yanditse kuri karangamuntu, ariko mu gihe gusa izo nimeru zitugurura ibirangamashure y-umunyeshure, nimeru na twa tujambo ntasangirwa, canke utundi twangombwa ntasangirwa nyene umurongo mbikabumenyi yisangije.

Ni waba ushaka ko ata vya ngombwa vy-abana bawe bihabwa umuntu canke ishirahamwe iryo ari ryo ryose, usabwwe kubimenyesha Akarere k-Amashure yo muri Glendale ukabandikira ikete.

Kutemera ko ivyangombwa vy-umwana wawe batabisabikanya bimara igihe umwaka w-ishure umara kiretse wanditse ikete ryo kwemera ko bashobora kubitanga. Bivugako buri mwaka mugomba gusaba ko badasabikanya ivyangombwa vy-abana banyu. Kiretse ivyo boba baramaze gutanga. Ishure ritaronse ikete wanditse ubihaniza gusabikanya ivyangombwa vy-umwana wawe bizoba bisigura ko bazobitanga.

Nshize umukono kuri runo rupapuro bivugako **ko ata burenganzira mpaye** Amashure, umuntu, ishirahamwe iryo ari ryo ryose, bwo gutanga ivyangombwa vyanje canke vy-umwana wawe kiretse ntanze uruhusha canke amategako abisaba, **harimwo kudatanga amafoto n-amazina muri ca Gitabo C-Umwaka.**

Niba udatanze iyi fomu mugihe cyibyumweru bibiri uhaye igihe umunyeshuri wawe yiyandikishije, urumva kandi wemera ko Akarere gashobora gusohora amakuru yubuyobozi bwabanyeshuri. Nyamuneka subiza iyi fomu mwarimu wumunyeshuri cyangwa ibiro byishuri.

Andika indome:

Izina ry-Umunyeshure: _____ Nimeru y-Umunyeshure: _____

Izina ry-Umuvyeyi/Umurezi: _____

Aho muba: _____

Telefone yo mu nzu: _____ Telefone ngendanwa: _____

Umukono w-Umuvyeyi/Umurezi: _____ Itariki _____

